Г. ЖУМАМУРАТОВ

# ТОЛҚЫНДА

www.ziyouz.com kutubxonasi



„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСЫ“

www.ziyouz.com kutubxonasi

Т. ЖУМАМУРАТОВ

# ТОЛҚЫНДА

(*қосықлар топламы*)



**НӨКИС—1970.**

www.ziyouz.com kutubxonasi

ҚҚ2 *Жумамуратов Т.*
**Ж. 91 Толқында.** Косықлар топламы.
Нөкис „Қарақалпақстан“, 1970.
168 бет.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры Тилеўберген Жумамуратовтың бул „Толқында“ атлы жаңа косықлар китабына автордың соңғы ўақытлары жазған жанға ләззет бағышлайтуғын сулыў лирикалары менен оқыған жүрекке ой салатуғын төртликлери киргизилип, олар топламның тийкарғы бөлимин тутады.

Сондай-ақ топламда қарақалпақ халқының басқа туўысқан халықлар менен әсирлик дослығын тилден дүр шашып жырлаған қосықлары менен бирге республикамыздың айырым мийнет адамларының әжайып өмирлерин тәрийиплейтуғын арнаўлары, юмор ҳәм сатиралары кең орын алған.

Соның менен бирге шайырдың басқа да туўысқан халықлар әдебиятларынан аўдарған аўдармалары киргизилген.

Шайыр туўылған үлкемиздиң байлығын, оның мийнет адамларының қаҳарманлық мийнетлерин йошлана жырлайды. Оның қосықларында өмир философиясы, заман ағысының күшли толқыны бар.

$\frac{7-4-3}{81-70\ М.}$

www.ziyouz.com kutubxonasi

# I. ӨРЛЕТТИ ӨМИР ЕПКИНИ

*
*

Ғам жуттым қаршадай басымнан,
Күн көрдим жарқырап ашылған.
Өрлетти өмирдиң екпини,
Жасым да көрдим көп тепкини.
Темирге полаттай шыдадым,
Шадландым, қуўандым, жыладым.
Бул жаҳан кең екен, тар екен,—
Ишинде бәри де бар екен.
Жығылсам түргелдим тағы да,
Бағындым дүньяның заңына.

## ТАРИЙХ

Зуўлайды тарийх қуйындай,
Арқалап өмир жүклерин,
Бир секунд пәти тыйылмай,
Өтеди мың сан өткелин.

Көреди сансыз дәўирди,
Көреди соншa адамды,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Есапқа алып өмирди,
Байқайды жақсы, жаманды.

Дизеди мудам дәптерге,
Өзиниң билген-көргенин,
Салады қулақ гәплерге,
Жазады айтып бергенин.

Атланып алға тағы да,
Жеткерер соңғы халқына,
Талайдың қара—ағы да,
Түседи үлкен талкыға.

Келешек әўлад сынайды,
Өткенниң жақсы, жаманын,
Дәстан етип жырлайды,
Елдиң сүйген адамын.

Биреўлерден из қалмай,
Ушып кетер түтиндей.
Биреўлерден сөз калмай,
Өшип қалар пүтинлей.

Биреўлер қурар естелик,
Ақыл менен, күш пенен,
Биреўлер өтер „үш" болып,
Биреўлер өтер „бес" пенен.

*1968-жыл*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМЗАТ

Адам адам болғалы,
Қолына қурал алғалы.
Жақсылық пенен жаманлық,
Дурыслық пенен наҳақлық,
Бир-бирине болып жаў,
Үзилмеди жәнжел—даў.
Қутырған соң жаманлық,
Болмады ҳеш аманлық.
Дәўлет ушын, бақ ушын,
Ҳәмел ушын, тах ушын,
Ийтлик етип қыймаға,
Сыймағандай дүньяға,
Артық-аспай жер ушын,
Байлық ушын, ел ушын,
Болар-болмас мин ушын,
Дәстүр ушын, дин ушын,
Өгиз болып сүзисти,
Қораз болып жулысты.
Түлки болып өбисти,
Жылқы болып тебисти,
Арыслaндай айқасты,
Айыўлардай шайқасты,
Бир-бирине от басты,
Жылан болып уў шашты,
Асаўлардай туўласты,
Сағаллардай шуўласты.
Бир тынбады удайы,
Ғарғағандай қудайы,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳешким аман қалмады,
Барлығын жер жалмады.
Әй, адамзат, адамзат,
Жасасаңшы парахат!
Билмедиң бе еле сен,
Урыспай·ақ өлесең.

*1968-жыл.*

## ҚУЎАНЫШ ПЕНЕН УЎАЙЫМ.

### (*терме*)

Таў бар жерде, булақ бар,
Көз бар жерде қулақ бар,
Қулак бар жерде, көз болар,
Ел бар жерде, сөз болар.
Молла бар жерде, қуран бар,
Урыс бар жерде, қурал бар,
Пахта бар жерде, шигит бар,
Қыз бар жерде, жигит бар.
Көл бар жерде, балық бар
Суў бар жерде, халық бар.
Күн бар жердиң түни бар,
Ел бар жердиң мини бар.
Суўығы болар ыссының.
Ойлап қараң қыс күнин.
Билгир бар жерде, надан бар,
Жақсы бар жерде, жаман бар.
Жорға бар жерде, жорқақ бар,
Батыр бар жерде, қорқақ бар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосшы бар жерде, басшы бар,
Дүшшы бар жерде, ашшы бар.
Той бар жерде, жыраў бар,
Өлим бар жерде жылаў бар.
Қылмыс бар жерде, жаза бар,
Жан бар жерде, қаза бар.
Қуўаныш пенен уўайым —
Егиз туўған ағайин.

*1968-жыл.*

## НЕ ЖЕТСИН

Сен найзакеш болсаң да,
Шайқаспаўға не жетсин,
Жулқысып өш алсаң да,
Айқаспаўға не жетсин.

Биреў сени сөкпесе,
Сөкпегенге не жетсин,
Абыройыңды төкпесе,
Төкпегенге не жетсин.

Ҳеш ким саған тиймесе,
Тиймегенге не жетсин,
Өңмениңнен түймесе,
Түймегенге не жетсин.

Көз алартып урмаса,
Урмағанға не жетсин,

•

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаў топылып қырмаса,
Қырмағанға не жетсин.

Бармаўшы ҳеш каслыққа,
Ақыллыққа не жетсин,
Адам ушын дослыққа
Жақынлыққа не жетсин.

Менменликтен қутылған,—
Батырлыққа не жетсин,
Жақсылыққа умтылған,
Татыўлыққа не жетсин.

*1968-жыл*

## АЛАҚАН

Анталасып, мерекедей жыйналып,
Мың сан тема тербетпекте қыялды,
Бир түйинге бас жип тақпай қыйналып,
Жатып қалдым жаўып таслап сыямды.

Жатсам да мен, уйқы бермей шайқалып,
Ой толқыны гүрткилейди жанымды.
Көз алдымнан өтип атыр жай халық,
Шайыр болсаң аянба, деп барыңды.

Небир жайсаң шәҳәрлер бар шаўқымлы,
Араласән бир-биринен зыяда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрья менен теңиз де бар толқынлы.
Асқар бийик таўлар да көп дүньяда.

Мәнзил де жоқ аяқ изи жетпеген,
Адам барды қыял жетпес аспанға,
„Тема да жоқ шайыр тәрийип етпеген,
Бәри кирген қосық пенен дәстанга.

Қайталасаң, бир музыка бурынғы,
Шертиў керек шеберлерден асырып,
Жаман жазсаң ким оқыйды жырыңды.
Сандығыңа сақламасаң жасырып.

Сандық ушын жазбас шайыр биракта,
Пәнт жегиси келмес ҳешким кәринен,
Шешен сөзи сиңиў керек қулаққа.
Орын алып мыңсан жүрек төринен.

Аңыз тапсам Шайхызада айтқандай,
Арсынбастан болар едим масақшы,
Жетер жерден жазар тема байқалмай,
Болып турман қус таппаған дузақшы.

„Бир журналист тема таппай жүрипти,
Өзин-өзи дарға асқан ақыры—
Деп Чеховтың китабына кирипти,
Қәлемкештиң шонтық ойлы пақыры"—

Деп ойладым, бәри пикир таласы,
Талай гәпти еситип жүр қулағым.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Шынын айтсам, өмирдиң ҳәр саласы,
Берер саған поэзия булағын.

Ҳеш пайда жоқ көзсиз қурған дузақтан,
Алақаным дастаўлы тур басымда,
Нағыз шайыр излемей-ақ узақтан,
Түрли тема күтип турар қасында.

Илим-билим алақаннан тараған,
Адам бийлеп аспан жердиң арасын,
Қуў пәринен жумсақ мынаў алақан,
Ким билмесе серлеңкиреп қарасын.

Жер жолдасы пәрўаз етип өтсе де,
Сүйсингеннен қол шаппатлап қаламан.
Адам аспан әлемине жетсе де,
Түп тийкарғы кәраматы—алақан.

Қастын тиксе асқар таўды жығады,
Жумып қалсаң, залымлыққа жудырық,
Музжарғыш та алақаннан шығады,
Жүрген анаў муз дүньясын қыдырып.

Қулпы дөнип бағлар өсер саҳрадан,
Өрилмекте бийик жайлар пақсасы.
Дүнья мүлки алақаннан тараған,
Тәбийғаттың сыйлығынан басқасы.

Нәрестеге алақанын қақпаса,
Ана байғус уйықлатпайды баласын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайыр дослар излеп тема таппаса,
Алды менен алақанға қарасын.

*1965-жыл.*

## СУЛЫЎЛЫҚ

Көрмеген жан ықлас пенен
Нәзер салып қарасын,
Еситкенлер исенбесе,
Билгенлерден сорасын.
Қуяшлы күн дөнип турған,
Қойыў бултқа мегзеттим,
Дийдарының ағы менен
Шашларының қарасын.
Қарлығаштың қос қанатын,
Жабыстырып қойғандай,
Жарқырап тур маңлайдағы
Еки қастың арасы.
Егер бундай сулыўлықты
Менсинбеген дос болса,
Өлшеп көрсин сол арыўдың
Ақыл менен санасын.
Тастай аўыр саўалларды
Буршақ етип жаўдырсаң,
Тереңойы, шоқтай көрки
Дәл өзине жарасық.
Ақыл деген аўыр жүк деп,
Оған месе тутпаса,
Тап сол гөззал аўлағында

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүмбил шашын тарасын,
Барғаныңды сезип қалып,
Мыйық тартып күлимлеп,
Уялғаннан ийбе етип,
Орамалын орасын.
Қаршығадай қыялланып,
Нәзик ерни бүлкилдеп,
Әдеп пенен „Келиңиз!—деп.
Жаўдыр көзин қадасын.
Сол ўақытта муҳаббаттың,
Шоғы ғаўлап бойыңда,
Ким болсаң да қытықлайды
Жүрегиңниң жарасын.
Жыллар өтип, жас үлкейип
Тыншыр ўақыт жетсе де,
Мен өзим де бийҳуш болдым.
Жасырмайын ырасын,
Өткендеги Зилийқа ма,
Шәсенем бе, Ләйли ме,—
Жети ашық сулыўлықтан
Қалдырғандай мийрасын.
Буның ушын сақыйлығын
Аямаған тәбийғат,
Сонша көркем жаратыпты
Адамзаттың баласын!
Ертектеги пери менен
Периштедей сулыўлар,
Гөззаллыққа болмас деймен,
Буның менен таласы.
Гүл саўлатлар аз болмасын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Арамызда көбейсин,
Перзент көрип, сулыўлығы
Дуйым журтқа тарасын!

*1968-жыл, март.*

## ТӨРТЛИКЛЕР

Адам болсаң, жәмийетке дәрексең,
Қосылмасаң, тамыры жоқ терексең.
Ойламасаң тек өзиңнен басқаны,
Айтшы қәне, сен кимлерге керексең!

* * *

Биреў ойлар гәўҳар бар деп түсинде,
Биреў ойлар полат бар деп күшинде,
Өзин қоян санайтуғын адам жоқ,
Арыслан жатыр ҳәр жүректиң ишинде.

* * *

Анам айтып еди „билсин жаслар,—деп.
Алдыңызда талай таў ҳәм тас бар"—деп.
Басып өттим сол жоллардың мәнзилин,
Алда тағы асатуғын асқар көп.

* * *

Дүнья баста ҳәмме ушын қурылды,
Жаслық тахтым қашықласа бурынғы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлық жанның ҳуқуқы тең биз бенен,
Келгенлерге босатамыз орынды.

* *
*

Ул перзентиң—қуўанышлы тойханаң,
Қыз перзентиң—барып келер бай қалаң,
Жақсы перзент—өмириңниң қуўаты,
Қартайсаң да жасартады қайтадан.

* *
*

Егин тәрбиясы бастан болады,
Адамға тәрбия жастан қонады.
Қараўсыз егиннен зүрәәт күтпе,
Әдепсизлик—жанға душпан болады.

*
*

Баласы жүр бир жерлерде „суў" ишип,
Ана отыр уйықламастан „уў" ишип.
Жигит келип көрсеткен соң „концертин",
Жүрек қалды муздай болып суўысып.

* *
*

Урлық әўел басланады түйнектен,
Бара-бара жийилесер сийректен,
Ҳешбир адам уры болып туўылмас,
Ким болса да соны биреў үйреткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

— Балам гәззап, мен ҳақпан—деп мақтанба,
Метр өлшенеди еки жактан да.
Алды менен бас болады гүналы,
Аяқ барып балшық жерге батқанға.

* * *

Еки қулағың бар еки жағында,
Маңлайдағы көзиң де жуп тағы да,
Жалғыз тилди шошаңлатып көпирмей,
Оқы, тыңла жас өспирим шағында.

* * *

Ҳәмме бирден топылғанда дөгерек,
Қыйқанлардың кыйсықлығын жеңер ек,
Бес бармақтың бәри бирдей болғанда,
Адам ушын, суд, прокурор не керек.

* * *

Менде де бар басқалардай күш-билек,
Билегимнен муҳаббагым күшлирек,
Жақсы жанды сүйиўиме келгенде,
Тең келмейди анаў-мынаў үш жүрек.

* * *

Муҳаббат карамас үлкенге, жасқа,
Бирақ, ҳәр мәўсимниң самалы басқа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Муҳаббат қәдирин билмеўши де бар,
Маңлайы дик етип тийгенше тасқа.

* *

Түйе көрмес арқасында өркешин,
Ақмақ билмес ақылының келтесин,
Көрингенниң жағасына жармасып,
Ҳәлин билмей аўырлатар еңсесин.

* * *

Ҳәммениң үйинде тойдай тамаша,
Ақмақтың үйинде „ўайўай" араша.
Басылмайды булағайдың шаўқымы,
Асық ушын өкпелескен балаша.

*

Татыў турмыс үйге дәўлет келтирер,
Даў-тартыстың изи апат келтирер.
Жақсы адам жуптысының қуўаты,
Ақмақ тили менен сабап өлтирер.

* *

Ҳәмме нәрсе бара-бара тозады,
Ой тоқыйды қыялымның қозағы.
Тозбақ емес бала ушын муҳаббат,
Барған сайын аўырлатар азабы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспан, жердей дос душпанның арасы,
Бирақ мынаў ҳәдийсеге қарашы:
Ийт қапқаннан жаманырақ аўырды,
Бир достымның сырттан шаққан жарасы.

*

Шын дос жүзге айтып, жаза береди,
Билгенге сол айтыў маза береди,
Душпан көбинесе хошамет етип,
Сыртыңнан гөриңди қаза береди.

Израил қанын сормақ арабтың,
Арабларда қалағоймас қарап дым,
Бул заманда ким бурын муш көтерсе,
Өткир жери соған тийер жарақтың.

Жет соңынан жақсы исти басла да,
Ақмақ душпан жаман десе таслама,
Геўдесиндей мойны жуўан болған соң,
Жулдыз бирден көринбейди шошқаға.

* *

Қанша бәрҳа жеңилликке шабарсаң,
Рәҳәт бар қол еңбекте қабарса,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашшы мийнет көрмей татлы өмир жоқ,
Түнсиз күнди қай жақлардан табарсаң.

* * *

Бул дуньяның атқан жақты таңы да,
Бағынышлы тәбийғаттың заңына.
Ҳәмме нәрсе жуп-жуп болып жаралған,
Түн артынан күн келеди тағы да.

* *

Қарақалпақ елим қандай жарасық,
Мийман келсе, кеўли толар қарасып,
Жерлес болсаң, абыройға шерик бол,
Өмириңниң гербишлерин қаласып.

* *

Жалтақ сөзи жылтыраған шытақтай,
Ақмақ сөзи тикенекли путақтай.
Көпти көрген қарияларды тыңласаң,
Оқылмаған бир тамаша китаптай.

* *

Қышып турса басыңдағы ақыл қап,
Айнаны көр, үстиңдеги шаңды қақ,
Басқалардың тыртығына жабыспай,
Сен өзиңниң жыртығыңның үстин жап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Жаман сыншы нағыз қыйсық айнадай,
Сулыўлықты жасырады кайнақай.
Шеңгелди ол көрсетеди гүл етип,
Қумырсқаны қомпайтады пил етип.

* * *

Акмақ бәрҳа ақыллыны күйдирер,
Пышық болып тырнақларын тийдирер,
Онын ушын өкпелеўге орын жоқ,
Жақсыға да, жаманға да ийт үрер.

*

Болды талай қуяшлы күн, сая күн,
Жеп те көрдим биразлардың таяғын,
Ең ақырғы тәғдирине танысып,
Мени урған ғәриплерди аядым.

* * *

Баспалатар ақмақ сөзин „жөн“ десек,
Мен ушын да таратыпты он өсек,
Қарғалардай ғарқылдаса жөнелди,
Он өсекке атып едим бир кесек.

* * *

Шынлық—алтын, жайнап турар нур болып,
Қарамылық жасырынар кир толып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Тәрезиниң өлшеўине келгенде,
Жалатайлық ушып кетер қул болып.

* * *

Басты ийип алайын мен қолыңнан,
Ҳақ сөйлесең, жалбақлаған қулыңман,
Сындыраман бирақ азыў тисинди,
Бурмақ болсаң ҳақыйқатлық жолымнан.

* *

Биреў аўыр айтты, биреў айтты тез,
Атқаным сол, қатты сөзге қатты сөз,
Биреўлерге тилиң менен оқ атып,
Сен олардан күтип жүрме татлы сөз.

*

Көп налыма шуғыл сырттан сөккенге,
Сен мәрт болсаң кек сақлама өкпеңде.
Сен тастырсаң абырайдың булағын,
Түўесилмес аўызы менен төккенге.

* *

Қай адамлар қәтелесип сүринсе,
Қала бермес қәтелескен түринше.
Билгенлер де, билмеслер де гәп табар,
Билимпаздың бир қәтеси билинсе.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гейбиреўлер тийген менен жаныма,
Жалатайлык қосылмаған қаныма.
Мен биреўди алдамасам гәп сонда,
Өкинбеймен өзим алданғаныма.

Шөбин шапқан алаңлыкта гүл өсер,
Сонлыктан журт отақ пенен гүресер,
Адам куртса адамдағы шеңгелди,
Сонда ғана ғалаўытты түўесер.

*

Шуғыл ағаң аўзы-басы жыбырлап,
Көкирегиңе жел бүркипти сыбырлап,
Көпшиликте сен бәлеге шатылдың,
Ағаң пакыр кетеберди қырынлап.

* * *

Аспан қуяш мәңгиликке жасайды,
Дүнья сени шалқытады, тусайды,
Биреў келип, биреў кетип атырған,
Универмагтың қапысына усайды.

* * *

Адам келер-кетер дүркин ҳәм дүркин,
Жүрек қыймақ емес дүньяның көркин,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Улықмандай мың жыл өмир сүрсең де,
Соның аржағында бар тағы бир күн.

* *

Жылап туўдың бул дүньяға келерде,
Қайғы ортақ адам болсаң егерде,
Ҳешбир кайғы шекпесең де дүньядан,
Ең болмаса бир жыларсаң өлерде.

* *

Үзилсе гүл қалар сарғайып солып,
Мейли сен арықсаң, мейли сен толық,
Мейли сен патша бол, мейли сен ғедей,
Өлсең теңлесерсең топырақ болып.

* * *

Өмир жолы белес-белес аспа қум,
Ҳәрбир күниң-кешегиден басқа күн.
Бүгингини ертеңгиге қалдырмай,
Тат шадлықтың қалдырмастан қаспағын.

* * *

Маржанның да арасынан тас шығар,
Жай адамнан он есе пәс басшы бар.
Өзим көрдим соның биреў-екеўин,
Мүмкин бирақ арамызда аз шығар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* *

Ҳәмел үлкен қурал, жалтақлар ҳәрким,
Сүринсең билерсең дос, душпан паркын.
Өзим Шәриярман деп шаўқымды салма,
Төбеңнен көз тигип сынап тур халқың.

* * *

Ҳәр данасы жалғыз тожна шырпынын,
Өзим көрдим бир аўылды қуртыўын.
Залымлық – бир шырпы, әдиллик – дарақ,
Жақсы болсаң, дарағысаң журтыңның.

Гөнермейди елге еткен жақсылық,
Қартайғанда еркелетер жас қылып.
Шеңгел болып кесе турар алдыңнан,
Болса сенде ҳийле тәсил, пәс қылық.

* * *

Нийети – түлкилик, пейли жаманның,
Баҳасын не билсин жақсы адамның,
Дүздеги бийлиги дузсыз сорпадай,
Үйине бийлиги жетпеген жанның.

* * *

Жағымпазлар ҳәмеллиниң „қурбаны“,
Оған есап бир нәрседен жырғаны.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәмеллиғе ким көбирек бас ийсе,
Әне соны алдайын деп турғаны.

*

Ақмақлар да ҳәмел ушын қумар дым,
Алма болмас ағашынан шынардың.
Ешек қалар бәрҳа ешек жайында,
Төбесине көтерсең де мунардың.

Дүнья иши-таўсылмастай ўақыя,
Дана сөзи-көзимизғе тотыя.
Ҳеш билимпаз қалтасынан алған жоқ,
Өмириңниң өзи философия.

Ушқыр ақыл керек, алғыр сөз керек,
Болсын даўыс бир-биринен өзгерек,
Ешек ушын ақырғанның бәри сес,
Адам ушын тил маржаны сөз керек.

## СЕГИЗЛИКЛЕР

Буйым тозса, мийнет етип,
Таўып алар буйымды.
Кийим тозса, еңбек пенен,
Таўып алар кийимди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз алдында күлип турған
Бауырыңнан айырылсаң,
Әне соның өмиринше,
Орны толмақ қыйынды.

*

Бөпек болып еңбекледим бауырлап,
Жигитликте шалқып өттим дауыллап.
Жетпис бесте салмақ түсер бойыма,
Ҳәр күнинде бир мысқылдан ауырлап.
Жаслық қусы қайтып қонбас жайына,
Қайта үмит күтиу келмес ойыма.
Картайғанлық тәбийғаттың нызамы,
Узақ өмир тийсе болар пайыма.

Уя болар ҳауалаған қуста да,
Ракета қанша узақ ушса да,
Барлығының жер болады анасы,
Қууат берген сонша бәлент ушпаға.
Не даналар өтпеди бул тарийхтан,
Бахыт көрген ерлер менен қанықпан.
Байтеректиң тамыры да теренде,
Мәртебениң гилтин изле халықтан.

## СОНЕТЛЕР

### I

Акшамында ойлап айды, жулдызды,
Гейде бираз кирпик қақпай жатаман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таң атқансоң көрип жақты күндизди,
Ара-тура мың қыялға батаман.

Мийирманлы жақсылардың жүрегин,-
Бултсыз күнниң қуяшына теңедим.
Дүнья таныў—мақсет пенен тилегим,
Үйреткенге „мен билемен" демедим.

Көк гүмбезли кең жәҳанниң ишинде,
Қыял мени алып ушар алысқа.
Уйқласам да көргенлерим түсимде,
Қыдыраман Шолпан менен Марсқа.

Ушқыр екен ҳәр адамның қыялы
Қанатына пүткил дүнья сыяды.

II

Ашыўланып ақырғанда арыслан,
Зор ҳайўанлар зыпбереди тум-тусқа,
Айыў, қасқыр қашып жүрер алыстан,
Арысланның қорқар жаўы—қумырсқа.

Пил сескенбес қанша жырткыш душпаннан,
Дарақларды жапырады қаңбақтай.
Әттең бирақ, жаны қалмас тышқаннан,
Танаўына кирсе қоймас аўнатпай.

Күш жумсасса өңкей қуллар биригип,
Патшаларды атып таслар тахтан да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Куште емес, жақсылықта ирилик,
Биреўлерди майырғанға мақтанба.

Жақсылықтың кәраматлы иси бар,
Әдилликтиң қудретли күши бар.

III.

Атап қойған мақсымжанын жақтыртпай,
Бир қыз сүйген жигит пенен қашыпты.
Хийўа ханы қойған емес таптыртпай,
Әкелдирген еки гөззал ашықты.
—Алып қашып мәжбүр етти қорлыққа,—
Десең сулыў қутыласаң өлимнен,—
Деп залымлар салған менен зорлыққа,
—„Таңлап сүйген ярым,—деди,—елимнен".
Айтпады қыз усы гәптен басқаны,
Көрди қанша қорқытып ҳәм жалынып,
Екеўин де набыт етип таслады,
Қанхор жәллад пышағына шалынып.

Ар көрди қыз изде тири қалғанды,
Пәк муҳаббат айтқызбады жалғанды.

IV

—Тилеўберген шайыр жора, ҳарма,—деп,
Гейбир дослар сорасады жағдайды,
—Жаслықтағы муҳаббатың бар ма?—деп.
Ҳәзилкешлер тақылдатар таңлайды.

Жүрек деген денедеги гәўҳар тас,
Беден мысал гәўҳар салған ыдыстай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гән тозса да, гәўҳар жүрек картаймас,
Ғыжлап турар қызғыны ҳеш сууыспай.

Көрсе қызар болмасақта бирақ биз,
Жақсыларды сүйер жүрек лаўлап дым.
Көп жаслардың муҳаббаты тураксыз,
Тез сөнеди қызғынындай қаңбақтың.

Гей жаслардың муҳаббаты қаңбақтай,
Гейбиреўдиң муҳаббаты қармақтай.

V.

Өмирдиңде бәҳәр жазы кысы бар,
Бийпарўалык жаман адам аярлык.
Үргин урса шийрин жанын қысылар,
Ерте бастан көрилмесе таярлық.

Ҳәр биреўдиң айы, жылы санаўлы,
Бирим-бирим қопарылар гербишиң,
Жақсылығың журт алдында сынаўлы,
Иззет пенен еңбек етсең ел ушын.

Жүрсең жастан ҳеш бир дәртке жарамай,
Қартайғанда көрмек қайда рәҳәт,
Қыс күниңде қуўанарсаң баладай,
Жаз күниңде таярласаң зүрәәт.

Жаслық дәўран — жалынланар мәҳәлиң,
Қартайған соң қайтып келмес бәҳәриң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## VI

Ақсақ кемпир, бүкшеңлеген ғарры шал,
Ҳәзиллести қыябанда[1] гезлесип,
Бир мәс сулыў ерси көрип болды лал,
Илип өтти арасынан жол кесип.

Кемпир гөззал еди, ғарры мәрт еди,
Мерекелес болған талай жасынан,
Екеўинде ашық оты өртеди,
Әрман менен жаслық өткен басынан.

—Алжығанлар не бар екен гәп таўып,
Деген сөзге кемпир пақыр егилди.
Жас келиншек тап сол күни муқ қаўып,
Ертеңине жер астына көмилди.

Қыйын емес екен гүлдиң солмағы,
Ақ денениң қара топырақ болмағы.

## VII

—Тилеўберген, сулыў един жасында,
Неге сонша жоғалтыпсаң көркинди?—
Деп ҳәзилкеш ләң урады қасымда,
Тап пышықтай силкип ойнап бөркимди.

Бәҳәрде гүл жайнап турған отлы шок,
Гүз айында ҳәлсирейди сарғайып.

---

1. Қыябан—тротуар мәнисинде.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Удайына сулыў болған адам жоқ,
Оның ушын тағылмайды ҳеш айып.

Солған гүлдиң болмас бирақ шығыны,
Бул гәплерди тымсал ушын айтаман.
Ҳәр жылында көбейеди туқымы,
Бәҳәр сайын көрк береди қайтадан.

Қыраў шалып сулыўлығым бузылған,
Аўыспайды улым менен қызымнан.

## БИЗИҢ УРАН

„Кемеге мингенниң жаны—бир“ деген,
Қайда болсам, инсан менен биргемен.
Әлем океанында тынбастан жүзип,
Шоққылардан желқом қурған жер—кемем.

Бул мысалды босқа айтып жүр деме,
Бәримизге шерик болса бир „кеме“,
Ҳеш жерине ийнедей дәқ түспесин,
Ақмақ шығып, от шашпасын иргеге!

Не есерлер адамлыққа қарамай,
Асық ушын төбелескен баладай,
Бир-бириниң салын кетип басына,
Болған талай қыян-кести булағай.

Бир-биреўди унтамақтың астында,
Не болмаған бул аспанның астында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанлар буркып, домаланған геллеси,
Талай-талай ғаррының да, жастың да.

Залым қуўанса да адам өлгенге,
Шадланса да көздиң оты сөнгенде,
Жанды кырып мың жасаған қанхор жоқ,
Өлим шерик жеңилгенге, жеңгенге.

Шыңғыс хан да өлмей тири қалған жоқ.
Ҳәр бир жанның жүреги бар жанған шоқ,
Жанған шоқты ўақты жетпей өширип,
Наполеон да елден алғыс алған жоқ.

Сыр қалды ма адам көзи жетпеген,
(Ҳеш биреўди урыс шадлы етпеген)
Сонда неге Американлы төрелер,
Жалын шашып, ойнап турсыз отпенен?!

Сизлерде де әлпешлеген бала бар,
Не себепли Вьетнамнан қан ағар?!
Бомба жаўып, балаларын шуўлатып,
Жанды қырып, топырақларын жаралар?!

Джонсон тақсыр, ойланбаған төресең,
Қәйтер едиң пыт-шыт болса терезең,
Тарт қолыңды Вьетнамның жеринен,
Халық алдында не деп жуўап бересең?!

Қанхор болсаң хорлық пенен өлесең,
Инсан күшин түсинбепсең еле сен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ханой жаққа қалың жаўса бомбалар,
Нью—Йоркте шақақатып күлесең.

Көп мақтанба, қуралым деп атомды,
Ҳаслы инсан қорлатпайды адамды,
Ким қәлейди жараласаң есирип,
Ҳәмме шерик жердей уллы ўатанды.

Сөзге қулақ салың, әй пүткил инсан!
Ақмақ—қылыш болса, сен—полат қынсаң.
Дүньяның тетиги сениң қолында,
Өмирге тирексең, ең бийик шыңсаң.

Топырақ керек егис ушын, гүл ушын,
Қуяш керек өмир ушын, нур ушын.
Қурықлайық асқынлаған асаўды,
Өршигпейик қанхорлардың урысын!

Кең дүньяның келсе тыныш турғысы,
Бир мушына қуда болар бир мушы,
Туўысқанлық, тынышлықта жасасып,
Мийнет пенен гүл жайнасын турмысы!

Теңлик болса, жердиң бети жазық ғой,
Еркинлик ол—нур өмирге азық ғой.
Мәңги бахыт—адамзаттың тилеги,
Ким болсаң да усы сөзди жазып қой!

## ГЕЎРЕК

Басы—қураш, жайылған,
Шақаларын айырған,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жалт-жулт етип турысы,
Айнымайды қайыңнан.

Жалғыз геўрек жардағы,
Жапырағы бар тағы,
Бара қалды жақынлап,
Турекеңниң бармағы.

Жабысып қос алақан,
Он саўсағын қадаған,
—Тоқта!—деди бир жигит,
Қапталынан қараған.

Қызды азлап даў қатты,
Жеген сонша аўқатты!
Гераклдей Турекең,
Қарағайдай аўнатты.

Орны қалды урадай,
Бир ойланып қарамай,
Қопарғанға мардыйып,
Масайрады баладай.

Жаныўарды аяшы:
Бул геўректиң саясы
Болып шықты қарасақ
Тасбақаның уясы.

Көзимизге жалт етти,
Қорққанынан қалт етти,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кәпелимде жаў келип,
Бийшарадан ҳал кетти.

Енди оған уя жоқ.
Жетер жерде сая жоқ,
Турғандай-ақ сезилди,
Мен пақырды ая деп.

Шоқтай қызған далада,
Қалыпты үш бала да.
Жазығы жоқ перзентлер,
Енди өлип қала ма?!

Соннан берли еле мен,
Түсимде де көремен.
Үйсиз қалған жанларды
Аяйман да жүремен.

Айрылған соң панадан,
Кетти ме ол арадан,
Тирилери қалды ма,
Баўыр басқан баладан?

*1966-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# 2 ҚУТ ДАРЫҒАН АЛТЫН АЙМАҚ

## ҚАРАҚАЛПАҚ АТ ҚАЛДЫ

Шайпатылып ғаўға менен урыстан,
Жалғыз қолы босамаған қылыштан.
Бир жағының жаўын тыйдым дегенде,
Тағы душпан ғаўлап келип урысқан.

Жаўға қанын берди, төрин бермеди,
Гелле кетпей қарыс жерин бермеди,
Ойлап турсам, ата-баба ғәрийплер,
Өмир ушын не мүсийбет көрмеди!

Қан ақса да көзден жасы ақпады,
Ел намысын қурбан менен ақлады.
Усыншама улан-байтақ үлкени,
Урпағына мийрасым деп сақлады.

Балық пенен қусы болды көлинде,
Гүнде менен кетпен турды жеринде.
Жасыл гия — малларының азығы,
Орақ турды қыстырылған белинде.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Ырыс берди суўы менен кесеги,
Бул—елеси өмиримниң кешеги.
„Қарақалпақ ел болыўдан қалды“ деп,
Бийкарланды жаўдың айтқан өсеги.

Гейде жаманлады, гейде мақталды,
Гейде шарықлады, гейде тоқталды,
Ақырында, бир мың жылдан естелик,
Кең мәканлы қарақалпақ ат қалды.

## ТОЛҚЫНДА

Балалық өткен басымнан,
Уйқыда көрген түс болып.
Суўда да жүздим жасымнан,
Көкке де ууштым қус болып.

Шағлаған шаңқай түслерде,
Теңизде жүзип балықтай,
Есирип жаслық күшлерге
Ойнадық қалақ жалықпай...

Жылларды бүклеп жипектей,
Өткенбиз таслап талайын.
Ғаррылық алда түнектей,
Булдырайды қарайып.

Аралға келдим оралып,
Көзимнен ытқып жас шықты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Назланды толкын буралып,
Салады еске жаслықты.

Тырнап та көрди тебендей,
Жендим мен оған бой таслап.
Баяғы бала дегендей,
Ойнайды толқын ғоддаслап.

Теңселип теңиз булқынған,
Созады көкке өр төсин.
Тигеди кесте толкыннан,
Жамылдым жасыл көрпесин.

Биледи толкын сүзиўди,
Ҳешбиреў оған үйретпей.
Коймадым қарсы жүзиўди,
Қалықлаған үйректей.

Басыма моншақ шашады,
Қатар-қатар дизилген.
Толкынлар зырлап қашады,
Бир-бириниң изинен.

Алдына шығып камалап,
Бирин-бири қуўады.
Кас қакканша балалап,
Толқыннан толқын туўады.

Домаланған аршадай,
Аўданласып келеди.
Талпыныўға шаршамай,
Сыңқылдасып күледи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Танцасын ойнап туўлайды,
Мың тилде сөйлеп тамаша.
Самал да шертти сырнайды,
Концертин көрдик оңаша.

—Тартынба, теңиз солқылда,
Ләззет алдым күшиңнен.
Туўылған жанман толқында,
Сүйсиндим қатты ишимнен.

Деп тағы айттым досларға:
—Жаслығым қайта оралды,
Шыққандай бәлент асқарға,
Тарқаттым сонша қумарды.

## ҚАРАТАЎ

**(*Айтым*)**

Бир мың жылда толар бир жасың,
Тарийх—сырға толы ҳәр тасың.
Бабалардың көрдиң диййдарын,
Беруний де сениң сырласың,
Қаратаўым йошты қозғайсаң,
Сәўкелели сулыў қыздайсаң.

Қыял жетпес өткен жасына,
Шықтым бәлент уша басына.
Әмиўдәрья—жердиң кәмары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен уқсайсаң жүзик қасына.
Қаратаўым йошты қозғайсаң,
Сәўкелели сулыў қыздайсаң.

Баўрайыңда алтын қорғасын,
Шарўаларың сүрер жорғасын.
Ғәзийнениң аштың есигин,
Шайырларың шағлап жырласын.
Қаратаўым йошты қозғайсаң,
Сәўкелели сулыў қыздайсаң.

## ТӨРТКҮЛИМ

Атағы жаңғырған дәўлетли үлке,
Қутлы топырақлы жерсең, Төрткүлим.
Қаҳарманлық даңқы жайылған көпке,
Гүресте сыналған ерсең, Төрткүлим.

Мәртлериң көп, — елдиң көзи-қарасы,
Нурланды өмириң ҳәр бир саласы.
Халқымның дәслепки пайтах қаласы,
Жаслық ядқа түсер көрсем, Төрткүлим.

Жыллар өтти, сен жаңардың тоқтамай,
Жериң сақый миййўаға бай, бағқа бай.
Келген мийман кетпес сени мақтамай,
Соныңдай гөззалсаң, ҳүрсең, Төрткүлим.

Сен дийхансаң, мен әпиўайы шайырман,
Сенде атыз, менде қағаз — айырмам,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәрҳа сениң мәртлигиңе қайылман,
Бас бәйгини алып жүрсең, Төрткүлим.

Сенде шеберликтиң ҳасыл нусқасы,
Жерди көркейтиўдиң билгир устасы,
Диярымда дийханлардың устазы,
Пахта десе нағыз ерсең, Төрткүлим.

Қолларыңда сап мамықтың тазасы,
Гәўҳар—ғаўашаның ҳәр бир ғозасы.
Мениң үлкемдеги пахта базасы,
Атайы пахтакеш елсең, Төрткүлим.

Абажан қаҳарман халқым унатқан,
Абдулладай мәртлер Қырққызабадтан.
Нарбай, Йолдаш, Назар өтти сынақтан,
–Атақлы мәртлерим,—дерсең Төрткүлим.

Ел ушын сарп еткен маңлайда терин,
Алпыс центнерде сазлаған жерин,
Батырдур Ҳасылбек, Искендерлериң,
Алтын қол көгерткен гүлсең Төрткүлим.

Сүйсинерлик айырмаң көп басқадан,
Ҳәр үйиңде мийнет сүйгиш жақсы адам.
Ҳеш жылың жоқ алтын кәниң тасպаған,
Қатарың мәрт болса, ерсең Төрткүлим.

Берекет дарыған алтынлы гүзиң,
Қысқаша айтылды сөзимиз бизиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не әрман, мәңгиге жарқындур жүзиң,
Маржансаң, якутсаң, дүрсең Төрткүлим.

Қуўатың гүркиреп, мәртебең өсе,
Күшлериңе күш қосылды мың есе.
Өзбекистанда ким „алдаман“ десе,
Сен де соның менен бирсең Төрткүлим.

*1966-жыл.*

## КҮШ ТОЛҚЫНЫ

(Хожели районы ҳаққында)

Ҳағлаи өтти ушқыр аты!
Ақыл-мийнет—қос қанаты.
Көшесине шадлық толы.
Қызып атыр салтанаты.

Дуўай сәлем бауырларға.
Қала менен аўылларға,
Еңбек еткен ели ушын,
Әй қәдирдан дослар, ҳарма!

**Жер жаңғыртқан мийнет сести.
Даўыллардай буркып ести.
Заводының гудогындай
Күш толқыны гүркиресги.**

Дәрьясының ағысындай,
Поездның шабысындай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барған сайын ҳәуижленди,
Жарыста ҳеш сағы сынбай.

Қыйыншылық күшке көнди,
Ақыл, мийнет бәрин жеңди,
Артелиниң гилеминдей,
Атызлары қулпы дөнди.

Жылдан жылға болып абат,
Мың жаңалық ҳәр бир саат.
Газ труба аслаўындай,
Байлықлары қабат-қабат.

Өрис толы өскен малы,
Ойнакласқан жипек жалы.
Палызында палдай қаўын,
Аңызында қызыл салы.

Тракторы жорғасындай.
Ҳәр мамығы қорғасындай,
Ғаўашаның гөреклери,
Бағларының алмасындай.

Алтын қырман шоғырласқан,
Пунктлери нағыз аспан,
Ғәўир қала қорғанынан
Бәлент десем, жаңылмаспан.

Мәрт майданда ҳарымайды,
Мийнетсиз бах дарымайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бас бәйгини алған палўан,
Қутлықлайман Сарыбайды.

Мийманлар да көрген байқап.
Сүйсинбекте басты шайқап,
Берекети—таскын дәрья,
Қут дарыған алтын аймақ.

Жулдыз толы жер ҳәм аспан,
Нур сепкендей Тахиатастан.
Атызда да жарасықлы
Жулдызлар көп жарқырасқан.

Жүрек кызғын жанған оттай,
Шәўкилдесер шапқан аттай,
Тракторлар ҳалласлап жүр,
Әмиўдеги пароходтай.

Районның түсин-түрин,
Жазыў кыйын бирим-бирим.
Ҳәр бир деми уллы дәстан,
Баян еттим мыңнан бирин.

Бир сөз бенен айтсак кысқа,
Қолы жеткен гүл турмысқа.
Ҳаўазасы желдей тарап,
Жайылмақта тумлы-туска.

Ҳақ нийети болды бәржай,
Мақсет еле бийик жардай,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алда тағы күткен бахыт,
Күлимлеп тур сулыўлардай.

Мәртлигиниң жоқдур шеги,
Сүттен таза ел жүреги
Көз алдымда елеслеп тур,
Хожелиниң келешеги.

*1964-жыл.*

## КЕГЕЙЛИ

Дәрьядай тасқынлап мийнети көптиң,
Исиң сәтли болды, ҳарман Кегейли,
Атыңды байрақтан зуўлатып өттиң,
Шадлықта қутлықлап турман Кегейли.

Жетти халқың ойға алған әрманға,
Берекет дарыды алтын қырманға,
Далаң толы болып жүкли кәрўанға,
Елге саўға тарттың молдан Кегейли.

Мәртебе артады жарыста озсаң,
Қолың айға жетер аспанға созсаң,
Әзелден атайы зор шабандозсаң,
Жасай бер атақлы палўан, Кегейли,

Есжандай бүлбилиң сайрап жериңнен,
Садықтай шайырың көзге көринген,
Жаңабайдай палўан шығып елиңнен,
Бурыннан бәйгини алған Кегейли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәзир көркиң арысландай айбатлы,
Көк атыздан сүзип алтын қаймақты.
Қолда желбиретип қызыл байрақты,
Дабылларың жерди жарған Кегейли.

Пай берместен жамғыр менен суўыққа,
Ким алдаман десе, бардың жуўыққа,
Жетип алдың озғанларды қуўып та,
Үлкен абырайды алған, Кегейли.

Әзелден де мениң сол еди дәмем,
Бирақ та асыра мақтады демен,
Мине жүрип атыр қырлардан кемең,
Байлықларың әлўан-әлўан Кегейли.

Еңбек пенен гүл көгерген ҳаслында,
Иси қутлы ғаррының да, жастың да,
Заманының арғымағы астында,
Машинадан топты жарған Кегейли.

Топырағың көзге гәўҳар көринген,
Сен сақыйсаң мийман кетпес төриңнен,
Тап өзиңниң пейилиңдей жериң кең,
Кеўлиңе бергендей молдан Кегейли.

Жандай ысық елдиң пайтах қаласы,
Еркиндәрья, Қаратаўдың арасы,
Әмиўдиң де қуйған нешше саласы,
Даўыткөл, Қусқана—арқаң Кегейли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кимди көрсең жүреклери жалынлы,
Тил жетпейди жазыў ушын барыңды,
Дүркин-дүркин жети түлик малыңды,
Өстирген гил даңқлы шарўаң Кегейли.

Тәрийпиң көп өрис толы малындай,
Жоңышқаң да арғымақтың жалындай,
Сейтнияздың дуўтарының тарындай,
Шадлықтың сазларын шалған Кегейли.

Жаным сүйген мәканымсаң мақтаўлы,
Ҳәрким сүйер абырайын сақлаўды,
Ақ алтыннан үйе бериң ақ таўды,
Тағы алға қарай ҳағлаң Кегейли.

## ТАХТАКӨПИР

Қарақалпақ бахытлы елди
Шадландырған дәўраны келди.
Дәстүри бар қайсы елдиң де,
Ийиси бар ҳәр бир гүлдиң де.
Гүл айрылар түси-түринен,
Дослар ысық бири-биринен.
Ҳәммесин де жандай сүйемен
Мақтанышлы елге ийемен.
Әрман кетти аттың басындай,
Қарақалпақ камчаткасындай,
Қатнас қызып узақ-узақтан,
Барған-келген, досты узатқан.
Тахтакөпир, оның жән-жағы—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тамырлардай жоллар тармағы.
Келбетине қанық едим мен,
Байтах жери аспанындай кең.
Сайран еттим қырдан қыр асып,
Мәнзәрәси қандай жарасық.
Көз тартарлық нағыз мәргия,
Өмир ушын өскен ҳәр гия.
Ҳәтте сексеўили шөлиниң
Ол да бир ырысы елимниң.
Ошағыма келсе, от толып,
Өз қызғынын берер шоқ болып,
Жаса Тахтакөпирли жайсаң,
Сен сақыйсаң, сен сондай байсаң.
Көллеринде балық туўлаған,
Шалғынында тулпар аўнаған.
Жүйриклери қуйындай шабар,
Қызыл қумын қаплаған қамар.
Кийеңойса сурдан малақай,
Ким болса да айтар алақай.

Қойы өриледи сағымдай.
Қозы териледи қаўындай.
Отарында өрбиген малы,
Көз тартады қырмызы салы,
Бөрши таўдай қырманлар бийик,
Саҳрасында ойнақлар кийик.
Тоғайы да өскен ырғалып,
Көрмесеңиз, көриң бир барып.
Ойы менен қырларын көриң,
Жигит пенен қызларын көриң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алма бетли дилбарын көриң,
Жүзлеринде нурларын көриң.
Пахта, салы қырманын көриң.
Жигитлери палўан билекли,
Қызлары бар ҳадал жүрекли.
Адамлары дым қарапайым,
Адам ойлар адамның жайын.
Мириўбәтли жандай сыйласық,
Мийман десе, жүреклер ашық,
Абаданлық жәнe абадан,
Бахыт жәнe бахыт жаңадан,
Қут дарыған алтынлы елди
Аралаган дәўлети келди,
Берекет мол ойы—қырында,
Шайырлардың қосық-жырында
Дәсган болып мәртлердиң аты,
Шарықлап тур бахыт қанаты.
Орынланып мурат-тилеги,
Шадлық толы халықтың жүреги,
Абырайды алып байрақтан,
Шад үлкесин гүл-гүл жайнатқан,
Жаса, Тахтакөпирли жайсаң,
Жарайсаң,
Жарайсаң,
Жарайсаң.

*1966-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КОЛХОЗДА

Гүмистей ақ шабақ, сүўен ҳәм марқа,
Гүўенлеп қойғандай оралып торға,
Ҳәрбирин палўанлар көтерип зорға,
Суўдан сүйреп алып атыр колхозда.

Сыла, жайын түр-түр болып жалтырап,
Сары сазан алтындайын жарқырап,
Бекирениң қалашлары қалтырап,
Түрли қызық болып атыр колхозда.

Бөлек қойып қырман-қырман тортаны,
Бир жағында шабақ пенен шортаны,
Таўдай етип үйип қойған ортаны,
Өндириске берип атыр колхозда.

Колхозшылар қуўаныш та масайрап,
Көллерди жаңлатып бүлбилдей сайрап,
Шадлықпенен қосық айтар айқайлап,
Мәслик пенен күлипатыр колхозда.

Бир жағында қулпы дөнген еғиси,
Палызында қауын ғарбыз жемиси.
Ҳәр күн сайын тасқынланып жеңиси,
Суўдан маржан терипатыр колхозда.

Жайлаўында жорға сүрген шарўасы,
Жапырақтай ғаўлап өскен мал басы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Түўесилмес байлықлардын жалғасы,
Сонша доход алыпатыр, колхозда.

Жылкылары киснеседи тулпардай,
Ҳәрбир сыйырлардың желини жардай,
Қой ешкиниң даўыслары дуўтардай,
Ҳәр намаға салып атыр колхозда.

Ҳешбиреў де қалмақ емес жарыстан,
Бахыт келип кенелип тур табыстан.
Ғамхор болып партиямыз данышпан,
Халық қуўаныш көрипатыр колхозда.

*1936-жыл, апрель.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# 3. ПАХТА ПӘК ҲӘТТЕКИ ДӘРЬЯ СУЎЫНАН

## ӨЗБЕК ПАХТАСЫ

Пахта халқымыздың уллы ураны,
Пахта—тынышлықтың өткир қуралы,
Пахта мағлыўматы оқылған шақта,
Ербең етер елдиң көзи, қулағы.

Пахта—пәк ҳәттеки дәрьяда суўдан,
Пахта—гөззал көлде жүзген ақ қуўдан.
Қуяштан қуўаты, мийнет қанаты,
Аспан менен жердиң ышқынан туўған.

Пахта—дүньядағы әжайып буйым,
Пахтасыз инсанның жасаўы қыйын,
Инсан деп айтылмас адам баласы,
Егерде үстине киймесе кийим.

Қуслардың бойында пәри қанаты,
Кийимнен басланған адамның аты.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийим—жарасығы инсан улының,
Демек, пахта—өмиримиздиң саўлаты.

Ҳәр жыл бәлентлесе пахтаның таўы,
Өмир—ерис болар, пахта аркаўы,
Пахта—дийхан ушын бах пенен дәўлет,
Пахтада халқымның қурғын жасаўы.

Туўған елдиң ерлигине кеўлим шад,
Қалды бирақ жүрегимде болып яд.
Уллы жаңларда ҳәм өзбек пахтасы—
Оқ болып атылып жаўды етти мат.

Пахтаны—„ақ алтын“ деймиз мысалы,
Зерден де қәдирли ҳәр бир мысқалы,
Пахта—жер астынан қазылған байлық,
Булақтай ағылған елдиң ырысқалы.

Қол қаўсырып отырғанда арқайын,
Көтерер ме адам елдиң абрайын,
Өзбек ағам өтти бийик мәрреден,
Пахтаның төрт миллион тоннасы тайын.

Үргенич, Термиз ҳәм Самарқанд, Нөкис,
Ташкент, Бухаралар атланды тегис,
Андижан, Наманган, Фергана, Қаршы,—
Ҳәммениң қолында ғалаба жеңис.

Сазлардай жаңлады жалынлы гүрес,
Батырлар атланған гирес ҳәм гирес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен өзим де қарақалпақ атынан,
Қостым сауға ушын бир тамшы үлес

Салыкеш, балықшы, шаруасы менен,
Таскын мыңсан байлық арнасы менен,
Халқым қарақалпақ сәлем жоллады,
Үш жүз мың „ақ алтын“ тоннасы мене.

Ҳақыйқатты айттым, аса мақтамай.
Жүйриклери катты шапты, тоқтамай,
Қарақалпақ—ўәдесине ўапалы,
Халқымның жүреги—аппақ пахтадай.

Жылдан-жылға сақый Әмиўдиң жазы,
Ҳәр азамат еңбегине ыразы.
Батыр қарақалпак—атайы дийхан,
Бирақ, —„ақ алтын“ нан өзбек устазы.

Ҳәр бир жүреклерге қуўаныш толы,
Күндей жарқырап тур алдағы жолы,
Төрт миллион тонна „алтын“ жаратқан,—
Өзбектиң ақылы, өзбектиң қолы.

Қаншелли төгилди моншақтай терлер,
Полат тулпар минген баҳадыр ерлер,
Өзбекте, геолог, топырақта алтын,
„Өз ағамыз өзбек“—зер тутқан зергер.

Арал толқынындай елдиң ықласы,
Тяньшанның таўындай өзбек пахтасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қоллары гүл ерлер Өзбекстанда,
Ҳәр бир дийхан өзбек—пахта патшасы.

„Ақ алтын" дәрьясы тасқанда ағып,
Ўатанның халықлары шаппатын қағып,
Көтерди өзбектиң мәңгилик даңқын,
Дослық муҳаббаттың отларын жағып.

Ҳәмме қуўатлады жүреги менен,
Ақыл, күши менен—билеги менен,
Өзбек орынлады елдиң мүддесин,
Туўысқан халықлардың тилеги менен.

Ўатанның қүдиретин арттырған пахта,
Өмирдиң сәўлесин жақтырған—пахта.
Мәртлер мәртебесин көкке көтерип,
Елге Ленин орденин тақтырған пахта.

Пахта—намыс, пахта—өмир, пахта—нан,
Пахта—елге берекетли дәстурхан,
Аман болсын мениң өзбек—өз ағам,
Аппақ алтын нуў теңизин тастырған.

*1968-жыл.*

## ЖИГЕРЛЕНСЕҢ

Жигерленсең әўел бастан,
Күшиң зая кетпес ҳаслан,
Мийнет етип тартынбастан,
Рәҳәтлерин көре бериң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислеп исти жаўқылдатып,
Сом билекти бултылдатып,
Күшиң жерди солқылдатып,
Зор ғайратқа мине бериң.

Усылын тапсаң егистиң,
Қолыңда гилти жеңистиң,
Гүлин көгертип жемистиң,
Миййуаларын тере бериң.

Алға атла, кетпе кери,
Боска кетпес маңлай тери,
Болыў ушын мийнет ери,
Иркилмей пәт бере бериң.

Ойла соны, қарап жатпа,
Истен қашып, арды сатпа,
Жалқаў деген жақсы ат па,
Оның парқын биле гөриң.

Кемшиликти кетсин жуўып,
Табыс ушын белди буўып,
Бириң өзып, бириң қуўып,
Жарыс пенен келе бериң.

Жигерленбек мәрттиң сәни,
Бул сөзде бар үлкен мәни,
Ақ алтынның тассын кәни,
Тамашасын көре бериң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Берип иске барлық ойды,
Ғайрат сал да, жазып бойды.
Табыс пенен тойлап тойды—
Шадлы дәўран сүре бериң.

*1949-жыл.*

## АЛТЫН ТОЛСЫН ЖЕР БЕТИНЕ

*(Пахтакешлердиң районлық кеңесинде оқылған)*

Мийнет еткен жаз ҳәм қыста—
Барлығыңыз иске уста,
Бизден азлап гәп тыңлаңыз,
Жаздым бүгин асығыста.

Ҳәй пахтакеш бослар ҳарма!
Бул кишилеў бир шығарма.
Үлкен ҳүрмет көрсетемиз,
Суў хожасы—суўшыларға.

Суўдан уйып темир болмас,
Жағатуғын көмир болмас.
Бирақ оның қәдирин билсең,
Суў жоқ жерде өмир болмас.

Қымбатлығы сондай басым.
Күнде артар ықыласың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир уртлам суў жанды сақлар!
Шөлистанда қалса басың.

Мине усы айтажағым,
Тыңламасаң сынар сағың.
Суў бермесең сарғайтасаң,
Көк атыздың жапырағын.

Айтылған серт—қаққан қазық,
Ўәдеңизди алдық жазып,
Салланысқан жапыраққа,
Дәркар екен суў ҳәм азық.

Ҳәрекет ет болса арың,
Үлкен байлық қолда барың,
Пахтаға да ас—суў керек,
Жоқ болса да жүрек, қарын.

Алтын бермес азықланбай,
Қулпы дөнбес суўға қанбай,
Үлкен абырой алыў қыйын,
Пахтакешлер ылғалланбай.

Ашырқамай жүрек сазып,
Ҳәр бир түпке жетсе азық,
Мырзек келди пленкаға,
Алыў ушын, сизди жазып.

Керек емес оған сыя,
Өсе берсин, ҳасыл гия,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атыңызды жаңғыртады,
Нөкистеги радио.

Көрдик қызғын ҳәрекетти,
Жарысларда алға өтти,
Ҳәр ким мақтап айтысып жүр,
Бекбай менен Жолымбетти.

Бос өткермей күн ҳәм айын,
Көтерипти абыройын,
Арнап қосық жазып атыр,
Жолмурза ҳәм Ибрайым.

Сондай сондай алғыс та бар,
„Ақ алтын" нан көп усталар,
Шайыр жағы аз десеңиз,
Байнияз ҳәм Қармыс та бар.

Сөз ағылар шийрин тилден,
Техниканың тилин билген,
Сулыўхан ҳәм Дәрийғалар,
Үлги алды Амангүлден.

Ылғаллансаң қатты-қатты,
Ушыратасаң салтанатты,
Мине ҳәмме қәдирлейди,
Устаз аға Шамуратты.

Көрдиңиз бе Абажанды,
Быйыл қатаң ылғалланды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атызлары гүл-гүл дөнип,
Өз ўақтында суўға қанды.

Мийнетиниң палын татқан,
Дәўлетбай да жигит шаққан,
Өтеген ҳәм Пирназарлар,
Үлги алды Шамураттан.

Жарысларда алға басып,
Ҳәмме ислер жаўқылдасып,
Бирли-жарым жалқаў да бар,
Жүрген көпке араласып.

Суўшы суға хожайын деп,
Жаман болсаң сазайың деп,
Газетадан Атамурат,
Ол да келди жазайын деп.

Дүйсенбай дос, келсин, ары,
Шөллеп қалған пахталары,
Кесесине исленбеген,
Отағы тап жарыма жары.

Ислемес ҳеш жаўқылдатып,
Оразбай да қалған жатып,
Бир қумардан шықпақшыман,
Қәлли ағаға басқылатып.

Атызлары сарғайыпты,
Ҳарам шөби ен жайыпты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Тикенек“ ке „шаныштырмасаң“
Ақламай тур бул айыпты.

Не жақсылар Шымбай да бар,
Арасында бундай да бар.
Абыройды көтериўге,
Жалқаўлықтан не пайда бар.—

Деп айтқанбыз баяғы да,
Сөздиң басы аяғы да,
Ләян болса илинбеңиз,
Критиканың таяғына.

Сәтли болсын истиң басы,—
Атызыңның тәрбиясы.
Қулпы дөнип, көзди тартсын,
Ақ алтынның мәргиясы.

Айтылған сөз истен туўған,
Биреў озса, биреў қуўған.
Шамураттай пайдаланың,
Каналдағы аққан суўдан.

Кеўил питип келбетине,
Алтын толсын жер бетине,
Тынбай ғайрат салың дослар,
Уллы съезд ҳүрметине!

*1961-жыл 20-июнь*
*Кеңес совхозы.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАХЫТЫ УШЫН

Ғәзийнени топлап алтын гүздеги,
Шадлық курыў дәстур болды биздеги,
Көз алдымнан лентасындай кинонын,
Өтти талай тамашаның дизбеги.

Ел естирген тасқын күштиң даўылын,
„Нар көтерер,—дейди жүктиң аўырын"
Жүрегимнен кутлыклайман бәриңди,
Елимдеги гил қаҳарман баўырым.

Мәрт мардана өтип уллы сынақтан,
Берекети кем болған жоқ булақтан,
Жыл басынан мағлыўматқа көз тиктим,
Радио қашық кетпей қулақтан.

Ҳәмме зейин салды жаңғырған сеске,
Тарийх буны сақлар мудамы есте.
Қарақалпақстан елине келген,
„Бахыт қусы" деген усы емеспе!

„Қырдан жүргизип тур халқым кемени"
Тауды теңселткендей „алҳа" дегени,
Ҳәшбир күштен дәрпенбеген палўандай,
Жеңип шықты талай миннетлемени.

Ҳәмме курыжланды көкке кол созып,
Талай шайырдың да арқасы қозып.
Биреўди алда деп айтпақшы болса,
Екинши биреўлер оннан да озык.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Берекет дарыды алтын топыраққа,
Газдай қатарласып турғандай сапта,
Төрткүлши бир мәртти мақтамақ болсақ,
Оннан зорлар шықты Бируний жақта.

Ҳәрким аброй деген сулыўға ашық,
Ҳәмменин ғалаба қырманы тасып.
Бирунийши мәрт деп жазбақшы болсақ,
Қырыққызда биреў жүр оннан да асып.

Соңындай тамаша қызғын атланыс,
Ҳәр бир аўылда бар үлкен мақтаныш,
Шайырлар батырлық дәстан дөретсе,
Ҳәр қыслақтан табылады Алпамыс.

Мийнет көтерип түр елдиң абыройын,
—Шымбайда Амангүл, Маңғытта Айым,—
Деп талай қосықлар дөреткен болсақ,
Ҳәзир ҳәр аўылда жүзлеп Гүлайым.

Бийик инга епкинлетти қулашты,
Жасай берсин Өзбекстан қуяшлы,
Барлық область мурадына жетисип,
Ҳәмме жерде тойлар тойға уласты.

Қүдиретли қуўат енди денеге,
Хақымыз бар даңқлы елмиз демеге,
Қарақалпақ бас бәйгини ийелеп,
Жылдан-жылға шықты бәлент төбеге.

*1966-жыл, 31-декабрь*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# 4. ДОС МЕҲРИБАН ИШИНДЕ

## ДОСЛЫҚ ЖАҲАН САРДАРЫ.

Адамнан сен жақсылық күт,
Рәҳим бар, ынтық бар,
Жаманнан сен етпе үмит,
Жүрегинде мыттық бар.

Суўға батып мантыққанда,
Адам қырға тартады,
Мақсет ушын ынтыққанда,
Жаман кеги артады.

Шын инсанлар татыў жасар,—
Дүнья ҳүкимдарлары.
Бирлик күштен залым қашар,
Дослық жаҳан сардары.

*1966-жыл.*

## ТАШКЕНТ

Сәлем Ташкент, меҳрибанлы бас қалам,
Жер жүзине даңк көтерген астанам,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зыяратқа келип турман элимнен,
Қарақалпақ баўырыңнан әссәлам.

Күниң—қуяш, түниң—жулдыз, жарық ай,
Жүз көрсем ҳәм мың көриўге жалықпай,
Сап ҳаўаңның толқынында жүзейин,
Океан гезип, рәҳәтленген балықтай.

Аға үйи—ини ушын кең ирге,
Бахыт сазын гүмбирлетип мың турге,
Бес он жылда, бес мың жыллық жол өтип,
Бәлентликке көтерилдик биз бирге.

Бир тамырдан өскен еки шақамыз,
Ат оздырып үлкен өзбек ағамыз.
Өзбекстан өтти десе мәрреден,
Өрре турып шапалақты қағамыз.

Тәғдир шерик бир денениң жанындай,
Қаным шерик, бир жүректиң қанындай.
Дилимиз—бир, тилимиз—бир сайраған,
Бир дуўтардың жуп есилген тарындай.

Түри уқсас, қудды мениң өзимдей,
Бирге туўған егизектиң жүзиндей.
Екиси ҳәм—Өзбекстан перзенти,
Бир гөззалдың еки гәўҳар көзиндей.

—Иним,—десе мақтанамыз қуўанып,
—Алға,—десе, атланамыз туў алып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир биреўдиң меҳрибанлық жүреги —
Ини менен ағалыққа гүўалық.

Бир-биреўге жүрек сүттей ийеди.
Бир адамның сыркыраса сүйеги,
Бир перзенттиң тикен кирсе қолына,
Жүрегиме оқтай барып тийеди.

Аўыр жүкти аркаласа баўырым,
Менде ҳәм бар шериклесер жаўырын,
Толқынлатты сизде болған зилзила
Қарақалпақ шәҳәр менен аўылын.

Ышқы болмас көкирекке нур питпей,
Дүр силкинип, бойды жаздың бүркиттей.
Шадлығына шадлығымды қосайын,
Қабыл алың меннен баска сыр күтпей.

Куўатыңа күш косылды қанаттай,
Ел көркеймес мийнеттен гүл жаратпай,
Көкке карай бойын созды биналар,
Жер астынан өсип шыққан дарақтай,

Нур дийдарың өз даңқыңа жарасқан,
Төбең бийик аспан менен таласқан.
Аман болсын жаным совет халықлары,
Көркиң ушын алтын гербиш қаласкан.

Бирге жүзген шад өмирдиң айдынын
Дослық мениң—ең қәдирли байлығым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дослық жүрек оты менен жеңгенбиз,
Талайларын таўдай үлкен қайғының.

„Жаяў қуўсам, нан кашады ат пенен" —
Деп бабамның қолы нанға жетпеген.
Қаракалпақ болғанбекен бурында,
Жылаў менен, әрман менен өгпеген.

Партиямыз—қуў ағашқа жан берген,
Аш халкыма дастурханлы нан берген.
Тарыққанда маңлайынан сыйпалап,
Улықлардың қатарына теңгерген.

„Адамзатта жақсылыққа ҳүрмет бар" —
Деген сөзде данышпанлық бир гәп бар.
Бас ийемен қарақалпақ атынан,
Рус, өзбек ағаларға миннетдар.

„Ақ алтыннан" океандай кән қурып,
Өзбек аты жер жаҳанда жанғырып,
Жарқыраған Шолпан жулдыз Ташкентим,
Дослық, бахыт-қуўанышлар—мәңгилик.

*1969-жыл, январь.*

## АЛМААТАНЫҢ АСПАНЫНДА

Сол бир күнлер шықпас мениң есимнен,
Сыйпап-сыйпап айна жолдың төсинен—
„Волга" сулыў ақ кийиктей атлықты,
Таўлар жатыр таў үстинде көсилген.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уқсап кеттик қанат байлап ушқанға,
Озып өттик қапталласқан қустан да.
Гезек-гезек, бийик-бийик жарлардан,
Суймурықтай көтерилдик аспанға.

Өрлей бердик, өрлей бердик бийиклеп,
(Дүркирескен арқар менен кийик көп)
Көшкен бултлар қанатларын кең жайып,
Калаберди бетимизден сүйип тек.

Көрип едим өткен күнниң кешинде,
Ән шырқаған арыў ҳәзир есимде.
Аң-таң болып қарап едим қадалып,
Қызыл жулдыз жарқырап тур төсинде.

Жасыл кийип, басына ақ орағаң,
Жас келиншек, қазақ қызы Сарахан,
„Жаны менен тәбияты жериниң
Бир-бирине сулыўлығы тараған".—

Деп ойладым, Сараханды көрген гез,
(Сулыўлыққа кимниң жаны тебиренбес)
Дал бойында ноқаттай бир мини жоқ,
Есик көлдиң мөлдириндей көркем көз.

Жүрегинен жыр булағын ақтарды.
Ҳәр миллеттиң қосықларын атқарды.
Айналамның бәри ҳәзир сулыўлық,
Тас төбемде көрип турман ақ қарды.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Токтатпадық алға қарай барыўды,
(Тулпарымыз шаршамастай карыўлы)
Жас сулыўдың келбетине мегзеттим,
Жасыл кийип, қар жамылған арыўды.

Асқарлардан асып өттик тоқтамай,
Қандай шайыр кетер екен мақгамай!
Ақша бултлар астымызда көринди,
Булдыр-булдыр күнге жайған пахтадай.

Зуўлай бердик жеткерместен қус, аңға,
Бәлент-бәлент асыўлардан асқанда,
Катерь көрдим айдын көлди толкыткан,
Турғанымда шықтым ғой деп аспанға.

Сол ўақытта жазылды бул жыр басы,
Көллер екен таўларының курдасы.
Барлығының қараўылы Талғар шал[1],
Миллион жылғы бабалардың сырласы.

Күнди сүйип гүмбезленген булшық шың,
Өркеш-өркеш шоқмарындай уршықтың.
Ала таўдың бүркитиндей шарықлап,
Алмаатаның аспанына бир шықтым!

---

[1]. Талгар—ол жердеги ең бийик таўдың аты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӘЛЕМ

(*Туўысқан Гурьев областының мийнеткешлерине*)

Қырға келдим тартып бүгин дүз несип,
Арал, Каспий аралығы бир бесик,
Казақ пенен қарақалпақ егиз ул,
Дийдарластық қуўанышта гезлесип.

Бизден қызғын сәлем болсын халайық!
Зарлы өмир изде қалды карайып,
Шад заманның тәрезиси өлшесин,
Өткенди де азлап еске алайық:

Не көрмедик туўылғанша азат күн,
Мың-мың жыллап ҳүким сүрип азап муң.
„Жол азабы-гөр азабы" деп кеткен
Бабалары қарақалпақ, қазақтың.

Қайғы жели оқтай тийип басынан,
Мусаллаттың аўыр жүгин тасыған,
„Ғарға адым жер басарына муң болып",—
Бабаларым қартайыпты жасынан.

Оңға-солға мың-сан соқпақ өтеди,
Адастырған алған менен төтени,
Гезлесипти жалақласқан уў жылан,
Я болмаса жаў қасқырдың кетеги.

Салып баска жазы дузақ, қыс қурық,
Жут жаўдырған қарлы боран, ызғырық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаз күнинде оттай қызып ҳаўасы,
Жалын шашқан әйдарҳадай ысқырып.

Түйе екен сол заманның көлиги,
Әттең, ол да бай, мырзалар шериги.
Көштен қалып, аш қасқырға жем болған,
Түйеси жоқ арыўлардың өлиги.

Мүшкил болып таў төбеден өтпеги,
Буўын талып, ҳал дәрманы жетпеди.
Туўып өскен ата мәкән ел журтын,
Қыйналса да ҳеш ким таслап кетпеди.

Бир сүрместен ушқыр полат жорғаны,
Бәриниң де иште кетти әрманы.
„Урпаклардың бир дәртине жарар“ деп,
Байтақ жерин жаўларынан қорғады.

Қазақ пенен қарақалпақ бабасы,
Сақлап келген ини менен ағасы.
Миллион жылғы уйқысынан оянды,
Каспий менен Арал теңиз арасы.

Еки елдиң мийрибанлық жүреги—
Әўелден ақ палдай татыў, бир еди.
Бүгинги күн таў силкинткен ғайраты,
Алтын дәптер тарийхына киреди.

Рус ағай күш толқынын басқарып:
Батырлары таўды тилди тас жарып.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир бойы бағынбаған сур дала,
Басын ийди айбатынан жасқанып.

Келди мениң қаҳарманды мақтағым,
Тил жеткендей сулыў сөзлер таппадым.
Ата мәкән Үстирт пенен Астыртым,
Ашып берди ғәзийнениң қақпағын.

„Барса келмес" өлим менен шәртлестей,
Жан өмирин жаздырмады шорт кеспей,
Бүгин көрсем айналасы нур өмир,
Барған адам қыйып таслап кетпестей.

Каспий, Арал, Әмиў, Жайық арасын,
Көрмегенлер енди келип қарасын,
Жүзлеп жаңа қала тиклеп бойларын,
Ашайын деп турған жоқпа қулашын.

Бахыт өрлеп, көкке жетти қолымыз,
Сиз де биз де қуўанышқа толымыз.
Еки халық жүрегиндей жалғасып,
Жер жаңғыртар беккем полат жолымыз.

Бағ жайқалар шәҳәрлерде күш өсип,
Станоклар алтын менен мыс кесип,
Сизиң салған жолыңыздың үстинен
Зуўлап өтер тепловозлар киснесип

Октябрьден қуўат берген қанатқа,
Жеңислерди айтыў қыйын санап та,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир тилегим—қарақалпақ елине,
Досларымыз барып турсын конаққа.

Парқ етпейди енди жолдың узағы,
Үстиртте де өмир қайнап қызады,
Шериклесип той—мереке шадлықта,
Дәўран сүрер қарақалпақ, қазағым.

Алғым келер бетлериңнен сүйип мен,
Заманыма көз тасладым бийиктен,
Қонақ келип қут орнады елиме,
Мәскеў, Ташкент, Ашхабадтан, Киевтен.

Тепловозлар жыйнай берсин бар күшин,
Қуўаныштың барлығы да халық ушын,
Мыңсан ирет жырласам да көп емес,
Партияға жүрегимниң алғысын!

*1968-жыл*

## ТӘЖИК БИРАДАРЛАРҒА

(Он күнлигине байланыслы)

Ел нақылы „қонақ келсе,—қут“ деген,
Миймандослық қанға сиңген сүтпенен.
Ким келсе де қарақалпақ елине,
Ҳешбир жанның кеўли толмай кетпеген.

Досты сыйлаў қалмас сирә нәзерден,
Өз халқының муҳаббатын сезермен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рудакий, Омар Ҳайям әўлады,
Шайырларға устаз болған әзелден.

Музасынан сөз маржанын теремен,
Отыз үш жыл бир жүректен дөреген,
„Шаҳнаманың“, Фердаўсыйдың ел—халқын,
Памир таўдың шоққысындай көремен.

Жүрегимде Жамыйдын сөз—дәстаны,
Жер жаңғыртқан Шайхы Саадый „Бостаны“,
Көрсетеди болғанлығын тәжиктиң
Жулдыз толы поэзия аспаны.

Ортақ болып мәдений ошағым,
Үш мың әсир татыўлықта жасадым.
Ибин Сина, Бирунийлер кеўлиндей,
Сениң ушын ашық бәрҳа қушағым.

„Хафыз сөзи—адам ушын азық“—ден,
Бабаларым қалдырыпты жазып көп.
Сағынышта аңсан көрген перзентке,
Қарақалпақ ат қояды Тәжик деп,

Қанымызда әзелден бир жаралған,
Қуўат алсақ Әмиў менен Аралдан,
Дәрья, теңиз, көлимиздиң қуўаты,
Сизиң Памир таўыныздан таралған.

Жатлық емес мен бул жерде өскеним,
Бөлеклигим болмас сирә ҳеш мениң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Атызымнан таныс суўын көрерсиз,
Душәмбиде туўлап аққан шәшмениң.

Төбесинен дәрья берген миймансыз,
„Руи зәмин“ гөззаллығын жыйғансыз.
Топырағын көк гәўҳарға дөндирген,
Үш мың жыллық стажы бар дийхансыз.

Биз ҳәм дийхан, шарўа ата-бабадан,
Адам болып бир туўсақ та анадан.
Дыйханшылық, бағманшылық, шайырлық,
Дәрья болып сизиң жақтан таралған.

Аббаз бенен Садықлардай гил шебер,
Сизге арнап зыбанынан дүр төгер,
Хош келипсиз бүлбиллери тәжиктиң,
Қызғын сәлем Турсынзада, Миршәкар.

Бийик ҳүрмет—дийдарласып, қол қыспақ,
Ленин туўын төбесинде берк услап,
Күтип алар хош кеўилли шәҳәрим,
Миршәкердиң дәстанындай ҳүр қышлақ.

Өткир ойы Әбу әлий Синаның,
Ескен желдей бәрин гезген дүньяның,
Уллы бабаң қәдем басқан жеримди,
Шад заманда араланыз мийманым.

*1968-жыл, июнь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АТЛЫ ҚЫЗЛАРДЫҢ ҚУТЛЫҚЛАЎЫ

Жорға минип, ат кекилин тарадық,
Хош келипсиз хорезмли досларым,
Келеди деп жолларыңа қарадық,
Хош келипсиз хорезмли досларым.

Ғәзийнени тастырдыңыз алтыннан
Көрген сайын дослық жүрек балқыған,
Қызғын сәлем қарақалпақ халқымнан
Хош келипсиз хорезмли досларым.

Жан деп қатнасамыз аржақ—бержаққа,
Питкен шақадаймыз жалғыз дараққа,
Қаныңыз қатысқан қарақалпаққа,
Хош келипсиз хорезмли досларым.

Бириң—дайы болса, бириңиз,—жийен,
Бириң—қуда болса, бириңиз—кийеў.
Тар заманда биреў биреўге сүйеў,
Болған едик хорезмли досларым.

Тулпар минип узақларға шабамыз,
Ат үстинде тынбай дабыл қағамыз,
Апа—сиңли, ини, қурдас, ағамыз,
Хош келипсиз хорезмли досларым.

Татыў қоңсы, өмир шерик ағайин,
Ҳүрмет пенен қолларыңнан алайын,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизлер, бизлер—Арыслан менен Гулайым,
Хош келипсиз хорезмли досларым.

Араланыз Қарақалпақ еллерин,
Мәканым деп сайран етиң кең жерин.
Сизлер ушын бәрҳа ашық төрлерим,
Хош келипсиз хорезмли досларым.

*1968-жыл, март.*

## ХОШ ХАБАР

„Гүз басында мағлыўматтың,
Көринип тур изинде“—
Деп ойласам, бир күнлери,
Қызыл байрақ өзинде.
Хорезмниң палўанлары
Берсе егер ўәдесин,
Полаттайын беккем турар,
Айткан ҳадал сөзинде.
Пәти қайтып шаршап күши,
Талды десе, инанбаң,
Хорезмди қатарынан
Қалды, десе, инанбаң.
Гүзли—бәҳәр аспан көктиң
Ақтарылып қарыны,
Дәлил тутты жаңбыр менен
Қарды десе, инанбаң.
Изде десең, ҳәпзаматта
Жеткенлигин көресең,
Шабандоздай қыйқыўласып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өткенлигин көресең.
Памир таўдың уша басы,
Қарлы десе инаның.
Хорезмди мәрреге тез
Барды десе, инаның.
Көк теңиздей кең атызлар,
Жайнап атыр ол жақта.
Заманның арғымағын,
Айдапатыр ол жақта.
Полат тулпар минип алып,
Алға қарай талпынған,
Жарыс пенен шағлап өскен
Гилең батыр ол жақта.
Әне көриң булдыраған,
Ақ алтынның мунары.
Көрген жанның қанбай қалмас,
Көзлериниң қумары.
Досларыңды излеп барсаң,
Атызлардан табарсаң.
Кимди көрсең жарасықлы
Алтын толы қанары.
Жасларынан көремиз биз
Махмуд палўан батырды.
Картларынан көремиз биз,
Агахийдай ақылды.
Әмиўдәрья бойындағы,
Түркмен, қарақалпақты
Хорезмли туўысқанлар
Ақ алтынға шақырды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атахийдай бабаларын,
Атларынан билебер.
Өткендеги даналарын
Ядгарынан билебер.
Бул заманға, уллы елге.
Бийик муҳаббатларын,
Саўға менен жүректеги
Отларынан билебер.
Қаҳарманлар, бир—биринен
Ҳөктелигин асырған.
Баласын да шаққанлыққа
Үйретеди жасынан.
Жүз жасаған ғаррысы да,
Бағ орнатып елине
Өзлерине мийрас қурған
„Ақ алтынлы“ ҳасылдан.
—Мине бизиң дәстүримиз
Солай,—дейди әзелден.
Ҳәр биреўи айлық исин
Ҳәптесинде бежерген.
Қыз—жигити жедел менен
Түскенинде жарысқа.
Ҳәптелигин ҳәр бир күнниң
Сәскесинде бежерген.
Ҳәр қышлақта жүзлеп мыңлап,
Шеберлер бар, уста бар.
Қаҳарманлық даңқ көтерген,
Ғарры да бар, жас та бар.
Неге сонша сүйсинбессең
Хорезмниң елине



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саатында жаңалық бар,
Ҳәр күн сайын хош хабар.
Ҳеш ўақытта жасырмаспан
Жүректеги барымды,
Жарысларда, талай озып,
Келтирсе де арымды,
Бирақ саған ҳәмме ўақыт,
Дәстүрханым ортақлас,
Бир мүйеши жеңил болса,
Бир мүйеши басымлаў.
Каракалгақ, Хорезмниң
Мақтанышлы тойы бар,
Ҳәмме шағлап, орталыққа
Түрли тағам қойылар.
Мәңги бахыт, дослық ушын,
Көтеремен қадақты,
Шайырлың да дослық ушын,
Мухаббатлы ойы бар.

*1963-жыл.*

## ХОРЕЗМЛИ ДОСТЫМА

*(Шайыр Егам Рахимге)*

Әпиў әйлең „сен“ деп айтсам жазған
қосықта,
„Сен“ демеклик—жақынлықтан ол ҳәм бир
нышан,
Дийдарласпақ—ата мийрас бәлент дослықта,
Бирадарлар көзге ысық көрсем ҳәр қашан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әссалаўма әлейкум,—деп сәлем бериссек,
Бир—биреўдиң ой—қыялын өзине тартып,
Үлкен бахыт—татыўлықта барып—келиспек,
Бул жаҳанда байлық болмас дослықтан
артық.

Кең ўатанның қушағында ашық гүлбағы,
Уллы елдиң азаматын басқа демеспиз.
Туўылған жер—Хорезмниң әзиз топырағы,
Ҳеш биримиз узақ жолдан келген емеспиз.

Ғаўлап өскен шақалармыз, түби—бир дарақ,
Егизектей уқсап турған түри—түсимиз,
Сүҳбетлессек қыйналмадық тәржиман сорап,
Еркин-еркин гәплеспекке жетер күшимиз.

Әмиўдәрья суўларынан өнген қанымыз,
Баба сөзин қәдир тутып, еске аламан,
Бир—биреўдиң тәғдир шерик жана—
жанымыз,
Әждадымыз бинә болған жалғыз анадан.

„Өзбек—мениң өз ағам“ деп айтылған бир
гез,
Бул нақылды кейингиге қалдырған бабам.
Өз мағнасын мың мәртебе күшейтти бул
сөз,
Қанат берген бийик бахыт, шадлықлы заман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

„Жақыныңды жаттай сыйла“ деген нақыл бар,
Билип турман бул әжайып нақыл екенин.
Ең бауырым—хорезмли,—деўге ҳақым бар,
Жүрек сезер қанымыздың жақын екенин.

Мәденият тилсиминиң алтын есиги,
Үш жүз әсир бурын мунда өз гилтин ашқан,
Муўса менен Бирунийлер өскен бесиги,
Заманында болған еди илимге аспан.

Қыялыңа даналықты жыйнаған ел едиң,
Тәрийпиңиз дәстан болған тилден тиллерге.
Үш мың жыллық стажы бар дийхан ел едиң,
Нан жемекти үйреткенсиз базбир еллерге.

Лекин, ақыл жулдызына ықбал илеспей,
Мың мүсийбет бәлесиние пай тикти басын,
Мийнеткешлер татыўлықта қызғын гүреспей,
Инсаният көрмес еди бахыт қуяшын.

Залым ханға дослық еди қадалған канжар,
Қорқар еди жолбарыстан үркип қашқандай,
Кәўипленди ел өшигип, төгилсе қанлар,
Шадланысты бир—биреўге соқса қошқардай.

Ерназардай ерлердиң, хан көзин жойса ҳәм,
Ел сыйлады Хорезмдей уллы ошақты.
Ханлар, бийлер ортасына қылыш койса ҳәм,
Күш келмеди ажыратыўға дослық қушақты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ата баба арысланлары жаққыны күсеп,
Шамға соққан гүбелектей отларға жанды.
Сизиң,—бизиң басымызға тийместен кесек,
Сүрип турмыз бахыт толы шадлы дәўранды

Уллы рус кушақ ашып косылмағанда,
Журер едик қайғы-апат бастан арылмай.
Партиямыз ғамхорлықты асырмағанда,
Болар едик Иранның аш дийханларындай.

Мыңлап байлық ғәзийнесин толып тастырған
Бунда мәнги қут берекет орнады жерге.
Мийман келсе Хорезмде толы дәстурхан,
Хатамтайдай сақыйлығың мәшҳурдур елге.

Атызыңның хәр кесеги гәўҳарға толық,
Легендарлық устаздурсаң елге мақтаўлы,
Қартың—дана жасларың зор қаҳарман болып
Бәлентлеттиң „ақ алтын“ нан жасап ақ
таўды

Барған жерин бояп кеткен кып-қызыл қанға
Шаҳ Искендер аталыпты басқыншы болып
Хорезмли Искендерлер әҳли инсанға,
Кийим берер „ақ алтын“ ның патшасы болып

Жеңисиңе куўанаман, ойды айырмай,
Айткым келер данқлылардың атларын атап
Жазағойса талантлылар Әўез шайырдай,
Ҳәр күнинин тарийхасы болар он китап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көрип турман елдиң байрам, күлкилеринен,
Кәмилжанның ҳаўазындай кеўил шадлықты,
Еки халықтың мәңги дослық үлгилеринен,
Алмаханның анасындай меҳрибанлықты.

Жақсылыққа шериклеспиз, қосылған ирге,
Байлық толы гөззал жерим маған Қырымдай,
Ақ пахтадай пәк жүреклер соғады бирге,
Жақты берген Тахиатастың Ильич нуриндай.

*1957—жыл 9-декабрь.*

## АШХАБАДТА УШЫРАСЫЎ

Қыялым—Ғоруғлы, ықлас—ғыйратым,
Ғоруғлы ғыйратын минбеге келдим,
Жүрек мениң алып ушқан қанатым,
Алтын босағаңнан кирмеге келдим.

Жәннет бинә еткен саҳра—шөлине,
Жаным сүйген мәрт түркменниң елине.
Ушып барып Каспий теңиз—көлине,
Арал ақ қуўындай жүзбеге келдим.

„Жайылған, Сейилхан—ата—бабасы,
Ҳаслымыз бир дарақ, мыңтур шақасы.
Бири—ини болса бири—ағасы“—
Деген сөз мәнисин билмеге келдим.

Қырық қыз ат ойнатқан Мийўалы бағдан,
Жайылған әўлады қарақалпақпан.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Куўат алып Әжинияз, Бердақтан,
Тулпардың дүбирине кирмеге келдим.

Мың-мың жыллар шегип жәбир—жапаны,
Октябрьден туўды өмир бәҳәри,
Куяштай ашылды ықбал жаҳаны,
Бақыт шәменлерди гезбеге келдим.

Ортақ дәстурханлай дәрья—бостаным,
Жулдыз толы жерим менен аспаным,
Йошландырып косық пенен дәстаның,
Мен ҳәм сөз маржанын дизбеге келдим.

Саған ортақ қысым менен жазларым,
Жүректи гүл әйлер хош ҳаўазларын,
Көңлимди шад етип шийрин сазларын,
Шады—хоррам болып күлмеге келдим.

Мактумкулы акыл ойлаған елдиң,
Бүлбилгөя болып сайраған елдин,
Шайырлық булағы қайнаған елдиң,
Отлы кәраматын көрмеге келдим.

Пир туттым Кемине, Молланепести,
Сөзлери алмастай, тасларды кести,
Жаңлар ҳәрбиришиң ҳаўазы—сести,
Халқына басымды иймеге келдим.

Ашық айдын пирге болып кумара,
Нийетпенен шыққан киби сапарга,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Берди аға яңлы данышпанларға,
Шәкиртлик сәлемим бермеге келдим.

Сенде көп елимниң куда, күйеўи,
„Қалпақ кызы узатылған түйели,
Мақтумкулы—каракалпақ жийени“,—
Деген ҳәм сөз паркын билмеге келдим.

Гөззал Периўазының Әрем бағында,
Ғәзийнеси—дәрья Небитдағында,
Қуяшлы үлкениң кең кушағында,
Шағлап сайран әйлеп жүрмеге келдим.

Шәи—шәўкети мәлим дашы—алыстан,
Жигити озалый батыр арыслан,
Каназаты ушкан куска жарысқан,
Уристемдек мәртлерин көрмеге келдим.

Жигит бедеўиниң жипектен жалы,
Шебер қызларының айдай жамалы.
Мыслы тоқылғандай түркмени ғалы,
Мен дәстан өрмегин өрмеге келдим.

Дослықтың дарағын бирге егисте,
Ҳәр адымда жеттик мыңлап жеңиске.
Мәскеў, Ташкент, Ашкабадқа, Нөкиске,
Барысып—келисип жүрмеге келдим.

Ел қолында шайырлықтың қуўаты,
Рухынан пәрўаз әйлер қанаты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дәрья киби тассын түркмен таланты,
Мен ҳәм бирге дәўран сүрмеге келдим.

*1967—май, Ашхабад.*

## САЗ

Бүлбилгөя болып атырып таңды,
Жүректи жайлаған түркменниң сазы,
Кыялға келтирип нешше заманды,
Эфирде жаңлаған түркменниң сазы.

Приемникти таўлап, қойдым касыма,
Сеслери парқ етпес жолдың дашына,
Тоқтамай елиниң шегарасына,
Әлемди шарлаған түркменниң сазы.

Бармақлар ойнаткан дуўтарлың тарын,
Арттырмакта жүрегимниң кумарын.
Өткен ашықлардың қайғылы зарын,
Баян әйлемекте түркменниң сазы.

Ҳаўада жарысар ескен желменен,
Күни—түни сырласады елменен,
Қосылғанда шийрин—шекер тилменен,
Бәрше ел тыңлаған түркменниң сазы.

Онда бар Кәспийдиң асаў толқыны,
Онда Қарақумның отлы жалыны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүлленген турмысын айтар халқының,
Жүрегиме аян Түркменниң сазы.

*1957--жыл май.*

## ДОС МЕҲРИБАН ИШИНДЕ

Келдим түркмен елине,
Шәўкети—шән ишинде,
Отырғызды төрине,
Бес жүз мийман [1]ишинде,

Болдым Кәспий жағында,
Периўзаның бағында,—
Шәнли Небитдағында,—
Қутлы мәкан ишинде.

Көрдим онда гүлбағты,
Алтын толы топырақты,
Шәҳәр ашкан қушақты,
Гүл шөлистан ишинде.

Болдым Қызыл—арбатта,
Ғалы тоқыў ғайрагта.
Ақыл— өнер бармақта,
Қыз ҳәм жаўан ишинде.

---

[1] Бесжуз мийман—Өзбекстанның он күнликке қатнасыўшылары бесжүз адам еди. Т. Ж.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳүр Қазанжық жаклары,
Бәҳәрданның бағлары,
Тулпар арғымақлары,
Белли жаҳан ишинде.

Үристемдей қарыўлы,
Түрикмен ғардаш—ер уғлы.
Көрдим сансыз Гөруғлы,
Мәрт арыслан ишинде.

Манлайынан тер төккен,
Озып өткен ертектен,
Қырқ мың жыллык жол шеккен,
Қырқ жыл дәўран ишинде.

Өзбек, қарақалпакты,
Сүйер ҳәмме ардаклы.
Ҳәрким жүзмың дос тапты,
Түркмен доған ишинде.

Тил дослык деп сайрады,
Көрсем жүрек айнасы.
Муҳаббатым қайнады,
Дос меҳрибан ишинде.

Уллы совет ўатаны,
Бирадарлық мәканы.
Көрсин дүнья инсаны,
Жер ҳәм аспан ишинде.

*1967--жыл май, Бәҳәрдан*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УШЫРАСЫЎ

(*Жаўынгерлер ҳаққында баллада*)

Күлимлеп көзин қадады врач,
Келиншек түри—еле де жап-жас.
Гәўҳардай ысық көринди сонша,
Жүректи шырмап толқытты ықлас.

Мынаў бир сөзге болдым мен ҳайран:
— Кого я вижу, келдиңиз қайдан?—
Деди де сулыў, таңланып турып,
Путевкамды алды, алдына қойған.

Ойым сол: „Бүгин келдим ғой, Қырым,
Көрмеген едим жериңди бурын,
Гүлиндей көркем гөззалың мынаў,
Алып тур неге жүректен орын?

Усайды өзи бир жақын жанға,
Ырас ақ буны мен таныйман ба?
Ямаса сол ма қутқарған мени,
Боялған ўақта қып-қызыл қанға?...“

Ядыма түсти сонда бир аўҳал,
Шығамыттым да, таныдым дәрҳал.
Өмирдиң аўыр өткелин шолып,
Бир ҳәдийсеге тоқтады қыял.

* * *

Қақсады суўық, үргинлер борап,
Жулқындық талай илгери қарап,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүректе жигер, жеңисте кеўил,
Бизлерге жолдас курал ҳәм жарақ.

Жар, сайды алып бекинди душпан,
Айрылдық достан оқларға ушқан.
Шегиртке янлы ғаўлады жаўлар,
Қоршамақ болып жылжып тум тустан.

Геўдени қаплап жалынлы қәўип,
Буркыды оклар жамғырдай жаўып,
Көтерип басты бурылыў кыйын,
Буршақтай оқган мүмкинлик таўып.

Атамыз топты, нәзерлеп жаўды,
Оң жақтан жаўдың нәзери аўды.
(Сеземиз оны атылған оқтан)
Бекинди тағы паналап таўды.

Даўамы мине, бесинши күни,
Дүрсә дүрис саўаш күни ҳәм түни,
Атыўы жаўдың пәсенлегенде,
Кадалып бир оқ аўнагты мени!

Бирден ақ шоршып жығылдым қулап,
Беденим қызып жанлады қулақ.
Өлимнин кәўпи сап ете қалды,
Оннан соң исти сезбедим бирақ.

Мийиме толық жыйналмас ойым,
Көз алдым гүңгирт, жыбырлап бойым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир нәрсе мени тартады неге,
Солқылдар денем қозғалған сайын.

Уйқылы қыял созылды көп ўақ,
Көргеннин бәри болып тур жумбақ.
Ҳаўлыққан сезим бийледи бойды,
Ойым сол: „өлим, алдың ба шырмап?!

Көмиўге алып баратыр мени,
Қалмасын ашық кәдирли тәни,—
Дейсиз ғой, көмбең тиримен еле!“—
Демекпен, ҳәл жоқ айтыўға соны.

Көзимниң алды думанлы сағым,
Биракта, кем кемнен дүзелди аңым.
Сездим мен енди, көзимди ашсам,
Қарларды бояп келмекте қаным.

Шалкама мени ийнине салып,
Аркалап биреў киятыр алып.
Сол ўақта ғана ядыма түсти,
Бағана оқтан калғаным талып.

Айнала тоғай, келемиз ойдан,
Ойдың да иши кенислеў майдан.
Ҳешкандай оқ жоқ, тынышлық жерге,
Әкелген ким бул, гезлести қайдан?

Тоқтады енди әстелеў ғана
Тайын тур екен төсекли шана,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Апарып соған жатқызды мени,
Сезилди аўыр бойдағы жара.

Шанада ҳәлсиз жатсам да көлбеп,
Ғамхорым ким бул, карадым серлеп.
Жиңишке ғана, сунғақлаў бойлы
Қыз екен сулыў қалыпты терлеп.

Жанымнан бетер аядым оны,
Буўыпты белин, үстинде тоны,
Тыпырлап жатып, тырнағым тийип,
Бийшара қыздың қанапты қолы.

Көп алгыс айттым келгенсоң тилге,
Шын дослық пенен сөйлестим бирге,
Күлимлеп ғана айтқаны маған:
— Жаўлардан кекти алармыз еле!

Жүриппиз биз де ишинде оттың,
Ким аяр жанын мәпи ушын көптиң.
Студенти едим урыстан бурын,
Медициналық институттың.

Ҳеш капаланба, жазылар жараң,
Жата тур енди болмастан алаң,
Әскерлер ҳәзир душпанды куўды!—
Деп куўат сөзлер айтады маған.

Бир дәри салып, тыйылтты канды,
Сөйлесип турып, жарамды таңды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өлимнен мени қутқарды бул қыз,
Ким сүймес сирә усындай жанды.

Салмақлы жара, болса да қатты,
Өмирге енди исеним артты.
Алдыма түсип, санитарка қыз,
Аўылға қарай шананы тартты.

Қуўантса мени Оксана сөзи,
Күнниң де ҳәзир ашылды көзи.
Аяныш пенен кеўлимди аўлап,
Киятыр батыл, украин қызы.

— Ишинен мени жайнаған оттың,
Батырлық пенен қутқарып шықтың.
Ендиги өмирим миннетдар саған,
Ўатанның қызы, өшпесин бахтың!—

Дедим де тағы етпедим тақат,
Бар еди менде бир алтын саат
Саў қолым менен усынсам қызға,
Шайқады басын, күлимлеп қарап.

— Қарсылық етпе, ал соны жаным,
Сыйлығым болсын, қолдағы барым,
Сениң тап усы мәртлигиң ушын,
Аяғым келмес дүньямның бәрин!..

— Қызбаймыз аға, дүньяға-малға,
Ондайды ҳасла кеўлиңе алма!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уатанды жаўдан тазалап болсақ,
Талай бир саат тағармыз қолға.

Өзиңде турсын, кеўлинди билдим,
Шын дослық пенен барыңды бердиң.
Сааты емес, мәртлиги қымбат,
Ҳақ адам ушын сениңдей ердиң.

Каховка еди туўылған қалам,
Жаўлардан кеше тазарды тамам.
Украина жерин қорғаған батыр,
Өңиринде орден, рахмет саған!..

* * *

Ядымда еди сол айтқан сөзи,
Тап мынаў врач—сол қыздың өзи.
Көп жылдан кейин гезлестим ҳәзир,
Сондағы батыр украин қызы!

Жазылып қайта жаўларды айдап,
Берлинге барып қададык байрақ.
Жеңиске қосқан үлеси ушын,
Қосықлар жаздым қызларға арнап.

Талай бир қызлар еристи даңққа,
Умытып болмас оны ҳеш ўақта.
Солардың бири Оксана сулыў,
Жаярман атын қарақалпақка,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Танымай қалдым бирден мен неге?
Өзгерген екен толысып дене,
Ағарып жүзи, көркейсе өзи,
Әлбетте кийим басқаша және.

— Ўақтыңыз хош па, саламатсыз ба,
Шайырым саған жүрегим ырза,
Жазыпсаң қосық, сақладым оны,
„Арнадым,—депсиз украин қызға".



www.ziyouz.com kutubxonasi

# 5. ӨМИРИҢИЗДИҢ ҲӘР ЗИЙНЕСИ БИР ДӘСТАН

## БУЛБИЛИМ

*(Жапақ Шамуратовтың 75 жыллыгына арнаў)*

Үш жигирма бесжасты өткерип бастан,
Үш жүз жыллық тарийх көрген бүлбилим,
Өмириңниң ҳәр зийнеси—бир дәстан,
Таңнан таңға сайрап келген бүлбилим.

Канат қағып Арал, Жәйҳун бойында,
Хорезмниң қыры менен ойында.—
Шымбай, Чарджоў, Хийўа, Қоңырат тойында,
Мерекелер саўып келген бүлбилим.

Толқынлатып сөздиң булақ тасқынын,
Кәрамагын көрип талай жақсының.
Арзы, Сүйеў, Муўсалардай бақсының,
Йош—жигерин алып келген бүлбилим.

Таңлай қағып, бас шайқады аламан,
Алғыс алдың аўыл менен қаладан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүмбирлетип дуўтар, гиржек, баламан,
Ушқыр сазлар шалып келген бүлбилим.

Басқа қонып Октябрьдиң дәўраны,
Шерли жүреклердиң тарқап әрманы.
Сулыўлар алдында сүрип жорғаны,
Қара қасты қағып келген бүлбилим.

Мүнәр өрдиң баба соққан мурадан,
Жармыш жардың сарқыраған жырадан,
Дәўран сүрдиң, „сүрдим" десе бир адам,
Шамшырақтай жанып келген бүлбилим.

Гөззал жигит болып көзлер тоярлық,
Мийрас қурдың әўладларға жаярлық.
Ғаррылыққа жастан көрип таярлық,—
Өрден, медаль тағып келген үлгилим.

Тал жипектей минезиң бар досларға,
Қыран қустай шарықладың асқарға,
Жаслайыңнан палапандай жасларға,
Сейислердей шабыт берген билгирим.

Саз арнадың уллы Ленин атаға,
„Алмас" пышақ қын түбинде жатама".
Нағыс ойып мың сан түрли нотаға,
Намалардан ҳәрип терген үлгилим.

Халқы сүйген сәтең болып жеринде,
Өнерменен ерке өстиң елиңде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жетписте ҳәм нама жаздың келинге,
Дәрья киби ағып келген бүлбилим.

Устазлықтан ҳүрметленип басында,
Шереги кем нағыз бир жүз жасында,
Төрт жүз шәкирт қуўат болып қасында,
Ҳәптеликке барып келген бүлбилим.

Қуўанаман ийгиликли тойыңа,
Узақ өмир саўға болсын пайыңа,
Ел алғысы медет берер бойыңа,
Журт шапалақ қағып келген бүлбилим.

Мийўаланды Сиз сайраған бағыңыз,
Ел байлығы—тилиң менен жағыңыз,
Еки жүзге қарай қанат қағыңыз,
Бийик-бийик бахыт көрген бүлбилим.

*1969-жыл. апрель.*

## АЙЫМХАН

*(СССР халық артисткасы, Айымханның елиў жыллығына арнаў!)*

Ярым әсир жолы—әжайып сапар,
Талай кешиўлерин кештиң, Айымхан.
Жүйрик ғунанында топлымға шабар,
Қаршадайдан көзге түстиң, Айымхан.

Гүлпаршыны едиң Қоңырат елиниң,
Тоқпақтай таўланып шашта өримиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ең гөззалы болып гилең перинин, —
Тауыстай таранып өстиң, Айымхан.

Дийдарың—Ләйлиниң жамалы болып,
Сийнең-жигитлердиң қумары болып.
Мурнына жаслыктын самалы толып, —
Бәҳәр сәуириндей естиң, Айымхан.

Ғош жигитлер болып саған шын ашық,
Сүйсең де ҳеш сездирмедиң сыр ашып.
Талай жигит тәуекелге таласып,
Бираздың жүрегин тестиң, Айымхан.

Беталдыңа ҳешбир жанды каратпай,
Талантыңа күш косылып қанаттай,
Менмен деген жигитлерди жаратпай,
— Төрткүл қайдасаң,—деп ушгың, Айымхан.

Пайтахтың ең гөззал бир гүли болып,
Гүллердиң ишинде сүмбили болып,
Каракалпакстан бүлбили болып,
Эфирде жаңлады сестиң, Айымхан.

Шарлады ҳауазың көкте жаңғырып,
Еситкенниң жүрек мийрин қандырып.
Онда ҳәм талайдын ишин жандырып,
Жигитлердиң бауырын ездиң Айымхан.

Қос бурым кундыздай жылтылдап турып,
Бедениң мамықтай былқылдап турып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ кийиктей туўлап, қылтыңлап турып,
Жигитлерди сустың басты Айымхан.

Өнерди өрлеттиң аттай меңгерип,
Шоқтай көркиң хош ҳаўазға тең келип,
Жүргениңди көзим менен мен көрип,
Қутлықлап қолыңнан қыстым, Айымхан.

Шарықлап елимниң шадлы жасаўы,
Тийместен өмирдиң өткир қашаўы,
Болып жүрип қызлардың ең асаўы,
Жигит дузағына түстиң Айымхан.

Сүйген яры болып Әмет шайырдың,
Дегишкен жигитке жуўап қайырдың,
Жаста болсаң ақылменен айырдың,
Парқын алтын менен мыстың, Айымхан.

Шығып алып көркем өнер төрине,
Кем-кем пәрўаз еттиң бәлент өрине,
Қарақалпақ, өзбек, түркмен жерине,
Даңқың көтерилип йоштың, Айымхан.

Әрмансыздан сүрип шадлы дәўранды,
Шабыт пенен алып бийик қорғанды,
Қулдыратып талант деген жорғанды,
Узақ бәйгилерге түстиң Айымхан.

Перзент сүйдиң өркенлединң көгердиң,
Зерден ушығасы болып шебердиң,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Картаймастай гөззалысан өнердиң,
Парқы болмас узақ жастың, Айымхан.

Бир жуп жигирма бес жасаған жасың,
Қәйўаны болса да қурбы-қурдасың.
Салланған сәрўидей саўлатың басым,
Барған сайын толып тастың, Айымхан.

Еле де теңлессең гөззал бир қызға,
Жүз жасыңа шелли сыныңды бузба.
Концерт берип қайтыў ушын жулдызға,
Зор дәўранға жақынластың, Айымхан.

Тез-тез еситилди жаңалық хабар,
Илимниң байрағы алысқа шабар.
Адам өз исинен өз бахтын табар,
Сен де өз бахтыңды таптың Айымхан.

Қурдас болып Октябрьдиң қуясы,
Өмирди балқытты ықбал дүньясы.
Жасай бер елимниң булбил гоясы,
Бахыттың шыңына астың, Айымхан.

*1968-жыл.*

## ҲҮРМЕТЛИ АЛЫМ

(*Сергей Павлович Толстовтың 60 жыллығына арнаў*).

Бизден қызғын сәлем ҳүрметли алым,
Жигериң жигиттей алпысқа шелли.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақылың—дәрья ерсең, жүрегиң—жалын,
Даңқлы азаматсаң дүньяға белли.

Қәлеминде мың қәлемниң күши бар,
Үш мың жылдың шежиресин ақтардың,
Ҳәр жылында он әсирдиң иси бар,
Алымысаң дүньядағы халықлардың.

Ийеледиң неше түрли саласын,
Илимди бир дәрья десек мысалы,
Дүркин-дүркин қарақалпақ баласын,
Шарықлаттың ашып билим қушағын.

Әмиўдеги гия менен жапырақтың,
Тилин билип сөйлескенсең сөзбенен.
Мың жыл бурын өткен қарақалпақтың,
Өмир жолын көрип турсаң көзбенен.

Бизге мәзи қазыў болып көринер,
Ал сен оны „оқыйдымыс" деседи.
Саған үлкен жазыў болып көринер,
Хорезмниң көп жасаған кесеги.

Еки мың жыл елсиз қалған қорғанлар,
Сени көрсе айтып берер тарийхын,
Мәртлик пенен жанын берген қурбанлар,
Бас көтерип жырлайды өз тәрийпин.

Сениң еткен қырық жылдағы исиңди,
Даңқы шыққан жүз тарийхшы ашпаған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билгенликтен бийик акыл күшинди
Дүньья халқы қол шаппатлап қошлаған.

Париж, Лондон, Берлин, Бомбей елине
Таныстырдың қарақалпақ бабамды.
Отырғызып ең ҳүрметли төрине,
Ким сыйламас сендей уллы адамды.

Бийик акыл дана десем дурыс дым,
Илим десе жүрегинен берилген.
Зор әжайып қәсийети рустың
Жарасықлы минезинен көринген.

Сен сонындай кәраматлы адамсаң,
Колларыңнан мың сан түйин шешилген.
Қәдирдансаң, ең ҳүрметли қудамсаң,
Ол жағын да шығармайын есимнен.

Шалқыйберсин елимиздиң дәўири,
Қарақалпақ тулпарындай өрге шап.
Саған келсин бес бабамның өмири,
Елеберин еңбегиңнен қәмал тап!

*1967-жыл 20-январь.*

## СААДАТ АЙЫМ

*(Қарақалпақстан халық артисткасы
Саадат Юсуповаға)*

Салтанатта Саадат айым,
Ашық көңил, сондай мулайым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүжип атыр шадлықлы тойы,
Шарыклап тур қыялы—ойы.
Театрда тулғасы ири
Жананлар бар, солардың бири.
Сәрўи бойлы, келбети толық,
Өскен еди бир гөззал болып.
Өткирлиги таўдың тасындай,
Жаңа заман Зийлийқасындай.
Бота көзли аршын қушақлы,
Өңир толы қызыл моншақлы,
Қатарынан сымбаты баска,
Тап соныңдай қыз еди жаста.
Нур дийдарлы Саадат айым,
Қустай өрге талпынды дайым.
Өмир жолын таңлады, шешти,
Бийикледи, шағлады өсти.
Оттай ғаўлап интасы, ерки,
Кең сахнаның гүлиндей көрки,
Көк кептердей қағып қанатын,
Жалынлатты шоқтай талантын,
Сахна көрки Саадат айым.
Көзди тартты көрсем ҳәрдайым.
Гейде болып жаўлықлы кемпир,
Гейде көркем үстинде жемпир
Қылтынлайды өспирим қыздай.
Таўланады сымбатын бузбай.
Қыялында мың қыйлы өнер,
Бир сахнада жүз түрге дөнер.
Ол ким десем, Саадат айым,
Көрдим сонша образға байын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәр ҳәрекет, ҳәр бир жилўасы,
Нағыз турмыс көрки, қылўасы.
„Қалай сыйған жалғыз бойына“
Деген пикир келер ойыма.
Жан сырының кесте шебери,
Жорға янлы бойда өнери.
От жигерин кем-кем асырды,
Басып өтти ярым әсирди.
Еле ҳәм ол бойжеткен қыздай,
Жасайберсин сымбатын бузбай.
Бәржай етсин елдиң хызметин,
Көре берсин халықтың ҳүрметин.

*1968-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# 6. ТӘШИМНИҢ ТАЛАБЫ

### ШАҚЫРЫЛМАҒАН ҚОНАҚ

*(Мәскүнемниң тилинен)*

Елиўге жеткенинше дардай жасым.
Көрмедим театрдың босағасын.

Бир жерде „арақ“ десе жүгиремен,
Қаны кепкен өгиздей симиремен.

Арақсыз т[illegible]ды ишкен асым.

Есим барда сайрайман ақыл айтып,
Биреўлердиң хәтесин бақырайтып,

Табаман данышпанның ақылын да,
Тек ғана отырыспаның ақырында

Әкелер жолдасларым сүйеп қайтып.

Бир күни естен танып ерси етиппен,
Патас жерге қапыдай дүрс етиппен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қонақ үйдиң әйнеги қыйралыпты,
Қоңсы—ғоба қалмастан жыйналыпты,

Шаўқымлы үлкен „концерт“ көрсетиппен.

Көп адам қатнасыпты тамашаға,
Қызағойсам көнбеймен арашаға.

Байқамастан көзимниң исигин де,
Көшеден өтеғойсам усы күнде,

Қол шошайтып күледи бала—шаға.

Соншелли ишсем де мен қылқылдатып,
Гей-гейде ойланаман үйде жатып.

Молшылық неге маған дарымадың,
Ақша менен кийимге жарымадым.

Жүрсем де қапшық—қапшық шийше сатып

Бир күнлери ишиўди тыйған болып,
Сергек жүрдим есимди жыйған болып.

Татып көрип, қайтадан қатырыппан,
Оянсам, милицияда жатырыппан.—

„Узақтан келген үлкен мийман“ болып,

Миймапхана қонағы бир мен емес,
Олар да бий нәтийже жүрген емес,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дауыслап бир-биреуди шақырысып,
Еркедей ерегисип, бақырысып,

Қурамыз усы жерде бирге кеңес.

Талтақлап, талай жерден қонып қайтқан,
Ҳәлсиреп ес-ақылдан танып қайтқан.

„Уллы мийманхананы“ басып өтпей,
Үйлерге барыў ушын ҳәли жетпей,

Усы жерде ҳәз етип қонып қайтқан.

Апармаса көшеде жатар едим,
Суўық болса, серрийип қатар едим.

Биреўлердиң басына салып кетип,
Я болмаса басымды алып кетип,

„Қызкеткенниң“ суўына батар едим.

— Келмеймен—, деп кетесен, ўәдең қайда?
Деп мийманкеш шаршайды айта-айта.

Аўырыўды акшаға сатып алып,
Емленемен бул жерде жатып алып,

Шақырмастан келемен қайта-қайта.

Сүўретимди көшеге илип қойған,
Талай адам ермеклеп күлип қойған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүўретим қағыўлы тур, көрдиңиз бе?
Тәбият есерликти берди бизге.

Өмирим өтип атыр масқаралы.

Қыйқанлығым қозса, да хызмет таяр,
Дослар бар, еркелетип қанат жаяр.

Жасасын Нөкисторг мырзалары,
Мениң бул әдетиме ырза бәри,—

„Молодец!“ – деп арқамнан қағып қояр.

*1966-жыл.*

## СӘЙМӘМБЕТ

Лекцияға шақырылса,
Кәйпи ушып сасады.
Жыйнақ десең, төбесинен
Бир қара тас басады.
Ылажсыздан барып қалса.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Өте сала дизимнен,
Адамлардың көзин аўлап,
Томпан—томпан қашады.

Театрға мирәт етсек,
„Аўырып тур басым“ дер,
Киноларға мирәт етсек,
„Өтип кетти жасым“ дер.

Лазымлы жер шақыргса да
Былш етпейди бетлери,

Бир күни өзи өлеринде
Билмейтуғын касымкер.
Адамларды көбинесе,
„Кеселмен“ деп алдайды.

Керек десе ара-тура
Моншаға да бармайды.
Егер кулақ шалып кетсе
Жүз грамның хабарын,
Жан ҳәлинде жатырса да,
Шақырықтан қалмайды!

Отырыспа десек, бирден
Қақаң—қақаң етеди,
Өрре турып жатқан жерден,
Журттан бурын жегеди.
Басқа жаққа шақырғанда



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өтпей жүрген қәтере,
Отырыспа, арақ десек,
Тас кескендей өтеди.
Мине сондай адамлардың
Нағыз қудай атқаны,
Көп көремиз үйде жалғыз,
Арақ ишип жатқанын.
Кино менен театрды,
Жыйналысты, адамды
Қара бастың кәйпи ушын,
Ишимликке сатқанын.
Әй Сәймембет, ойлап қара,
Жәмийеттен шығыссаң,
Ақыл-ойдан жуда болып,
Геўдиреген қуўыссаң.
Сениң сйрә айырманды
Көрмедик ғой апырмай,
Магазинниң ишиндеги,
Арақ қуйған ыдыстан?!

*1968-жыл.*

## ӨСЕКШИЛЕР

Биреў-екеў оңаша,
Өзлеринше қурып атыр тамаша,
Шөжелердей жуғыр-жуғыр,
Аўыз-мурыны жыбыр-жыбыр
Пышшыў-пышшыў, сыбыр-сыбыр...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулақ салып:--Бул не?—десек,
Сыпсың-сыпсың ылғый өсек.

Қандай ҳийле, бул не тәлим,
Бири—шәкирт, бири болып „муғаллим",
Сөйлеседи тежеп-тежеп,
Үйретеди ғезек-гезек.
Қулақ салып:—Бул не?—десек,
Сыпсың-сыпсың ылғый өсек.

Тек өзлери—„Мәрдана",
Тек өзлери—журттан асқан „зор дана",
Елдиң „басқа батыры" жоқ,
Ҳешбиреўдиң „мақулы жоқ",
Басқалардың „ақылы" жоқ,
Қулақ салып:—Бул не?—десек,
Сыпсың-сыпсың ылғый өсек.

*1963--жыл.*

## ГӘПЛЕСИЎ

Гәп табамыз дослар менен отырсақ,
Зыян емес сөз бенен таң атырсақ,
Ел дөреткен ғәзийнелер аз емес,
Өсек пенен өтириктен қутылсақ.

Ғыйбат пенен кеўиллерин хошлаған,
Қандай шайыр, бурқымаған, таспаған?
Көрингенди туў сыртынан жаманлап,
Сениң өзиң артықпысаң басқадан?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳеш ўақытта күнлемеймен досларды,
Ушқыр болса, өрлей берсин асқарды,
Жаманласам ким инанар сөзиме,
Сырттан айтып қозы десем қошқарды.

Күнлемеймен, мейли мени күнлесин,
Көмек ушын шақырсын өз үнлесин.
Ҳеш биреўге қарызым жоқ таланттан,
Биреў билсин, мейли биреў билмесин.

Жолдасларым—қара шығар-ақ шығар,
Көтерилсе, дәўлет шығар, бақ шығар.
Шайырларды сырттан өлшеп отырған,
Ең ақыллы халық деген сақшы бар.

*1968-жыл, май.*

## НАЎҚАСЫ СОНДАЙ

(*сатира*)

Ишиң жанған жалындай,
Дийдарың қыс суп-суўық.
Аўзыңнан ийис арылмай,
Шаршады Сәнем кир жуўып.

Жасыңнан сүйип алғаның,
Тегинлик те жылай ма,
Азанда кийген шалбарың,
Батады күнде ылайға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Минезиңе қарасам,
Уқсамайсаң баскаға.
Күнде сатып аласаң,
Аўырыўды ақшаға.

Перзентлериң өзиңнен,
Дүркиресип кашады,
Жудырықтан езилген,
Шыдай берсин қашаңғы.

Үйиңди сыран кыс еттиң,
Гүл көгермес суўыкта.
Наўкасы сондай Есеттиң,
Жазылар ма жуўықта.

## СОНДАЙ БОЛАР ДЕППЕДИҢ

Өзиң туқым сепкенин,
Сондай болар деппедиң?
—Қағып жибер жүз грамм,
Ишпесең де көп, дедиң.
—Мынаў найсап,—жийениң,
Уқсатып бир сөк!—дедиң,
—Мынаў жаман,—дайның ғой,
Арқасынан теп,—дедиң...
Мийўа берип турыпты,
Нәлшесинен еккениң,
Жастан солай үйретсең,
Кереги не өкпениң!

*1965-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КӨШЕ БАТЫРЫНА

(*сатира*)

Бир азырақ гәплесейик ақырын,
Тыңлап кара сөзден қорықпас „батырым“
Бир өзинди журттан зыят, пил санап,
Шалғақлаўға қалай барды батылың?!

Жигирмаға жаңа келген баласаң,
Ким болғаның күш жеткенди таласаң.
Дәў емессең артық туўған басқадан.
Неге сонша булағайды саласаң?

Балам бар деп куўанбайды әкең де,
Ойлап көрши ерлигин бе, қәтең бе,
Қараңғыны аңлып жүрип пышықтай,
Талайларды келтирипсең пәтеңге.

Оқыўда да көринбеген бир „бесиң“,
Балалардың ушырыпсаң ҳүрресин.
Душпанлардай сөгип қашып мектепти,
Изледиң бе бурынғының дүрресин.

Бир жүз грамм тийеғойса жағына,
Сыймай кетер ақылыңның қабына,
Өткен-кеткен жолаўшыға дәпинип,
Қайсы киси түсип еди бағыңа.

Жас денеңди арақ пенен уўлатып,
Түнде өткен ҳаялларды шуўлатып,

www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутырдың да дружинникке тап болдың,
Тутып алды ылақадай туўлатып.

Батыр болып журт жүрегин жардың ба,
„Молла“ болдың қорқар жерге бардың да.
Сыйлықларың аўыр жаза, шәрт жаза,
Бирақ сениң жоқ па деймен арғыңда.

Өзлигиңнен билмегенсоң ҳалыңды,
Анаң жылап, талайларға жалынды.
Гүбелектей жанған отқа урынып,
Қартаймай-ақ шығарарсаң жаныңды.

Қурал етип пышақ пенен мушыңды,
Сен көрсетип жүргениңде күшиңди,
Палўанырақ бир жайсаңға тап болып,
Ашыўланса апарады исиңди.

Көтермедиң заманыңның мәслигин,
Пәтасланды алтын дәўран—жаслығың.
Басқаларға жуқпағай деп қорқаман,
Ҳарам қулқың, ипласлығың, пәслигиң.

Жалынбаймыз қорққанлықтан сеннен биз,
Жақсыға ҳақ, залымларға менменбиз.
Сенлер түўе, уллы қырғын саўашта,
Әйдарҳадай фашистлерди жеңгенбиз.

Мийнет пенен қосылмадың үлеске,
Көпшиликти жеңемен деп тиресе!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күшиң бойға сыймай турса түс барып,
Сатыпалды палўан менен гүреске.

*1969-жыл*

## ҚЫЗ СҮЙГЕН ЖИГИТ

*(Халық аңызы)*

Бир саўдагер етип түрли саўдасын,
Саўдаға да салған екен саў басын,
Сулыўырақ жанан келсе дүканға,
Алға тутқан набат пенен ҳалўасын.

—Сениң ушын жүрегимде жалын,—деп.—
Таўсылмастай дүнья менен малым көп,
Бир кемисим—жалғыз ғана перийзат.
Болсаң қәне мениң сәўер ярым!—деп.

Алдай берип бәрҳа өткен-кеткенди,
Қайқылығын дуйым журттан өткерди.
Сырын билген қоңсылардың барлығы,
—Қәсийетсиз жалатай,—деп жек көрди.

Не болса да дузақ болды усыман,
Жигит жүдә мақтанады усыған.
Бир күнлери гүл шырайлы перийзат,
Сылаң қағып өте берди тусынан.

Шақырса да иркилмеди қайрылып,
Аң-таң болды жигит естен айрылып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Секелеклеп аркасынан жүгирди,
Көкирегин шыдатпастан қайқылық.

Жетип алып:—Тоқтайтур!—деп шақырды,
(Сулыў да бир нашар екен ақыллы).
—Аға қәне жумысыңды айта бер,
Алып кеткен жоқ едим ғой ҳақыңды.—

Деп күлимлеп ойнақшытып көзлерин,
Тыңлап турды саўдагердиң сөзлерин.
—Бир көриўден ашық болдым өзиңе,
Жүрегимди шырмап алдың тез мениң.

Деп жуўкылдап ынтық пенен қарады.—
Еки көзи сулыўды жеп барады.
—Бирден қалай ашық болдың бизге?—деп,
Гөззал буннан салмақ пенен сорады.

Жигит айтты:—Мәргия бар өзинде,
Гүлдиң көрки жаркырап тур жүзинде...
Сулыў айтты,—меннен гәре шырайлы,
Арыў сиңлим киятыр ғой изимде.—

Деп қыз оның сын-сыпатын мақтады,
Саўдагерде жүрисинен тоқтады.
Айтқан сөзин тыңлап-тыңлап турды да,
Қызға кетти қол силтеген жақтағы.

Барып көрсе, кемпир екен олдағы,
Қыйсаңлайды, қолтығында балдағы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит сонда жамбасына бир урды:
—Жаңағы қыз мени жаман алдады! —

Деп жүгирип, жетип алды қайтадан,
—Тоқта сулыў тағы бир гәп айтаман.
Сулыў бар деп мени неге алдадың?
Сонша ашық болған едим пай саған!—

Деп ҳаплықты қырыңқырап тамағын,
Гейде күлди, гейде үйип қабағын.
Сол ўақытта тикке қарап бегине,
Қыз былайынша қайтарыпты жуўабын:

—Шын ашықлар бир қыз ушын зарлаған,
Сенде жүрек муҳаббаты қалмаған.
Шын ашықлар излемейди басқаны,
Сенсең мени ашықпан деп алдаған!...

Қыздың айтқан сөзи теғин оқ емес,
Ондайларға не айтса да көп емес.
Арамызда бирең-саран болса да,
Тап соныңдай аўмақайлар жоқ емес.

*1968-жыл, апрель.*

## ТӘШИМНИҢ ТАЛАБЫ

*(Сатиралық рәўият)*

Қарақалпақ, қазақларда
Айтысады Тәшимди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Даңқы тарап узақларға,
Болды дейди тәсилли.

Бир есаптан надан дейди,
Шәҳәр, аўыл-аймақта.
Мәлим болған адам дейди,
Қоңырат, Таллық, Мойнаққа.

Үйдиң есер қонағындай,
Бийзар еткен халықты.
„Тап Тәшимниң талабындай“—
Деген нақыл қалыпты.

Он сыйырға қызын сатып,
Берди дейди қалыңға.
Қыз өлипти сеспей қатып,
Иши толып жалынға.

Дәрья буркып жығып өтип,
Шығыры да қалмаған.
Теңиз жаққа ығып кетип,
Барлығын суў жалмаған.

Нар түйени айыр етип,
Кеспек болған өркешин.
Жапырақтан қайық етип,
Жүўенлепти серкесин.

Өзиме көз өтпесин деп,
От тутатқан пахтаға.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Муз жарылып кетпесин деп,
Қағып қойған атлама.

Ендиги жыл аларман деп,
Қаршығасын көмипти.
Бир жылдан соң „саларман“ деп,
Қазып алған өликти.

„Бул бир оңай ийесине,
Излемей-ақ табаман“—
Деп, жайылған түйесине
Қарақшыны қадаған.

Өртең көлге май салыпты,
„От тезирек өшсин“ деп,
Қара жерге аў салыпты,
„Қудай берсе, түссин“ деп.

Түйе минип, ылғал салып,
Қоңыратқа барыпты.
Базарлыққа тары алып,
Еки қапқа салыпты.

Еки қапшық дән тийепти
Түйениң бир жағына,
Еки қапшық қум тийепти,
Теңлестирип тағы да.

„Аўмасын“ деп ислегени,
Өз пикирин жөн етип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған есап түспегени,
Еки жағын тең етип.

Өзи жаяў шаршап-талып,
Келе берди жетелеп,
Жолда биреў сезип қалып,
Айтты гәпти төтелеп:

— Қалай—қалай емегиңиз,
Бир көриңиз ойлап та?
Қум топырақ дегениңиз,
Көп емес пе Мойнақта?...

— Ақыл көп ғой бул ағанда,
Сени қудай ура ма,
Қумды теңлеп артпағанда,
Түйеде жүк тура ма?!...

— Тасласаңыз топырақты,
Оннан зыян тийе ме?
Дәни толы еки қапты,
Теңлеп артсақ түйеге?!...

—Ислеп көрши өзиң онда,—
Тәшим буған көнипти.
Иле-сала жигит сонда,
Шөгирипти көликти.

Төгип таслап топырағын,
Теңлеп артты тарыны,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бирдей етип еки жағын,
Мингизипти ғаррыны.

— Отағасы, болды қолай,
Мине Сизге жаңалық!
Кете бериң әне солай,
Түйеңизде дем алып.—

Деди жигит қала берди,
Гәпти енди туўарып.
Тәшим алға бараберди,
Нәрестедей қуўанып.

Қәпелимде қарап турып,
Бир ой түсти қартыңа,
Түйесиниң басын бурып,
Қайта жүрди артына.

„Меннен де зор бул жақтағы,
Аса кеткен ақыллы“—
Деп бул, кеткен узақтағы,
Жас жигитти шақырды.

— Сениң менен таныспастан,
Уят екен кеткеним,
Ақылыңа жарыспаспан,
Кәраматын көп сениң.

Сендей перзент туўағоймас,
Жаман-жәўтик ғаррыдан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бундай ақыл шығаройммас,
Аш-жалаңаш жарлыдан.

Кыял менен илип турман,
Тап өзиңди шамалап,
Байлығыңды билип турман
Ақылыңнан баҳалап.

Қайсы жердиң данасысаң,
Баян әйле елиңди?!
Қайсы байдың баласысаң?
Билдир маған жөниңди?—

Деп Тәшекең гүрриңлесип,
Жас жигитти ардақлап,
Түйесинен қайта түсип,
Басын ийди жалбақлап.

Жигит турып мынаў сөзге,
Мыйық тартып бир күлди,
Көзи түсип қыран көзге.
Тәшим зәрре иркилди.

Жигит айтты:—Бай емеспиз,
Намыслымыз, арлымыз.
Төрт түлиги сай емеспиз,
Себеби биз жарлымыз.

Үлкен байлық табыў ушын,
Бизде ондай ҳал да жоқ.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Eң болмаса сауыў ушын,
Жалғыз сыйыр мал да жоқ...

Деген сөзге Тәшим бирден,
Аң-таң болып сасыпты.
Тезарада усы жерден,
Кетиў ушын асықты.

— Тап усындай ақыл менен
Жүрген болсаң байымай,
Өзимдики мақул екен,
Жиберебер жайыма.

Ҳешбир қәте етпедим мен,
Болдым сөйтип Тәшим бай.
Сонда неге кетпедиң сен,
Жүклериме асылмай?!

Қайық соққан жапырақтан,
Ақылымды артық көр.
Түсирилген топырақты,
Өзиң қайта артып бер! —

Дегеннен соң оның қайта,
Орынлапты мақулын.
Жигит жүрди айта-айта,
Тәшимниң сол „ақылын“.

Бир жағына қумды артты,
Бир жағына тарыны.
Түйе жетеп, жаяў қайтты,
Местей болып қарыны.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көп болғансоң өзиниң де,
Малы, қойы, жылқысы,
Иси менен сөзиниң де
Билинбепти олқысы.

Айдай арыў қостары да,
Гәп айтпапты бетине,
Бир аўыз сөз қосқанында,
Таяқ тийген етине.

Тәшимниң көп мини ушын,
Ҳешким қарсы келмеген
Жарлы малай күни ушын,
Оның сөзин жөн деген.

Ҳәтте Тәшим ағалыпты,
„Әпилетундей дана“ деп,
Соған өзи мақтаныпты,
„Меннен ақыл сора“ — деп.

Бул заманда қалған емес,
Бурынғының Тәшими,
Қалды десек жалған емес,
Бирли-жарым „тәсили“.

Бул дәўирде бурынғыдай,
Жарлы да жоқ, бай да жоқ,
Тек Тәшимниң қылығындай,
Бир мен деўден пайда жоқ.

*1953-жыл, март.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# 7. УСТАЗЛЫҚ ЕТЕР УСТАЗЛАР

## ОМАР ҲАЙЯМ

### Төртликлер

Бизлер болмасақ та болады жаҳан,
Бизлерден калады не белги—нышан,
Биз жоқтада күни қәреп болған жоқ,
Бизлер өлген менен курымас заман.

Мен туўылдым, дүнья көрдиме пайда,
Мен өлип кеткенде аспан қулай ма,
Еле ҳешким түсиндирип берген жок,
Келемиз-кетемиз, себеби қайда?

Ҳәмме нәрсе кудай соққан куралы,
Неге қайта талқанлайды, қырғалы?
Жаксы болса аямай ма өз мүлкин,
Жаман соқса ким усыған гүналы?

Мәскүнемниң барар жери—дозақ,—деп,
Ким айтса да бий мәни сөз, өсек гәп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ишкен, сүйген түсеберсе дозаққа,
Бейиш қаңырап қалмақшы ма босап тек.

Шадлан, елге ашылмасын қулқының,
Көп ойланба заманыңның сыр-сынын,
Қадақ көтер, сулыў зулпын беккем тут,
Зуўлап өтер бул дәўраның, бул күниң.

Биреў бейиштеги ҳүрлерге ашық,
Маған жүзим суўы бурқысын тасып.
Гернай сестин қулағымнан қашықлат,
Не қыламан несийеге таласып.

„Паруйин—өгиз жасап аспаны көкти,
Көк өгиз жер астын тиреп тур“ депти,
Қос өгиздиң ортасына қарап қой,
Көресең қаншелли жүрген ешекти.

Қораз неге ҳәр сәҳәрде шақырар,
Түсингенге оның да бир гәпи бар.
„Өмириңниң айнасынан бир түниң
Өтип кетти, бийшара“—деп аҳурар.

Қолдан келсе бул дүньяда ғам жеме,
Уўайымды өмириңе сән деме.
Жеп шадлық қур бул бес күнлик өмирде,
Бай болсаң да, өлсең тиймес дәнненңе.

Топырақ болмасыңнан бурын ишип қал,
Ылайыңнан ғүзе соғады гүлал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бейишти, дозақты ойламай-ақ қой,
Бос қыялдың бәрин тутқын етип ал.

Өмирли жасларды ғаррылық күтер,
Биреў жүрген изден ҳәмме де өтер.
Дүньяда ҳешкимге мәңги өмир жоқ,
Өгизге туўған күн баспаққа жетер.

Жүрегиңди қуўаныштан шеклеме,
Бир мүтәждиң кеўлин алсаң, тек деме.
Жүзлеп ҳажы бир жүрекке татымас,
Кеўил аўла бармасаң да Мәккеге.

Кеўлим ўайран болды бир ярды сүйип,
Ол да басқа ушын жүр екен күйип,
Мен оннан дәртиме дәрман излесем,
Тәўибим наўқастан тартыпты күйик.

Бәҳәрдиң паслында гөззал перийзат,
Кесе шарап берип, етсе кеўил шад,
Ийт болайын әрман етсем бейишти,
Әттең журт алдында айтыўға уят.

Басымызға түскен шелли қара күн,
Ғапыл қалма, берсин гүлгин шарабын.
Өлип кетсең, қайта қазып алынбас,
Дене деген алтын емес қарағым.

Тур жанан ашылсын жүрек бәҳәри,
Гүл жүзли дийдарың—қайғыға дәри.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Топырағымыз гүзе болмастан бурын,
Ишейик, таркасын капалық бәри.

Ыдысыма батпан шарап қуяйын,
Еки батпан етип, байлык жыяйын.
Әўел дин—ақылды үш талақ етип,
Жүзимниң қызына неке қыяйын.

Бәҳәр самалынан гүлге дақ қонып,
Бүлбил шалкыр жамалына шад болып,
Гүлге жакын отыр, узақ дәўран жоқ,
Гүл төгилер, биз де топырақ болып.

Ишпей жүрсем шадлық келмес жақынлап,
Көп мәс болсам, босап қалар ақыл қап,
Екеўиниң орталыгын айтабер,
Әне соған кул бол десең, макул гәп.

Мен дүньяға тәңир болсам, ҳақ болып,
Кең жаҳанды бузар едим как бөлип,
Өзимше жаңадан дүнья жаратсам,
Гил жақсылар жүрер еди шад болып.

Келиўдиң-кетиўдиң лийкини бардай,
Ерис-арқаўсыз тән, унырағaн жардай,
Қанша пәк жүректи пәлектиң оты,
Күйдирип кул қылар түтин шығармай.

Өмирдиң бир демде өтерин аңғар,
Ҳәр шаңның ишинде Қәйкуўат, Жам бар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаҳанда бир рет берилген бәри:
Уйқы, қыял, ҳийле, қайғы ҳәм ғамлар.

Таң сәҳәрден турғыл, назалим гөззал,
Аз-азлап ишейик, қобызыңды шал.
Дүньяда ҳешкимге мәңги өмир жоқ.
Кеткен қайтып келмес, соны еске ал.

Бул пәлектиң иси бәрҳа уўайым,
Биринен қутылсаң, басқасы тайын.
Келмегенлер еле буннан хабарсыз,
Еситкенде келмес еди ҳәрдайым.

Қуўаныштың мийўасын же, көп терип.
Қапалықты жақынлатпа ерик берип.
Шамаң келсе, дослар менен шалқып бақ,
Өлим келсе урар сени көтерип.

Әўел қудай ийлегенде ылайым,
Белгилепти бейиш, дозақ бир жайын,
Маған нақ яр, саз ҳәм шарабы болса,
Басқаларын саған берсин илайым.

Бар болса ҳәркимниң жемеге асы,
Жаны, күнелткендей үйи—уясы,
Биреўди қул етпей, өзи қул болмай,
Жүрсе әне шадлық үлкен дүньясы.

Бир қусты жоғалттым көринбес көптен,
Гүз келип тақалды, бәҳәрим өткен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайда жарасықлы жаслық бүлбили,
Сезбеппен, бир мәҳәл келген де кеткен.

Дүнья—өмиримизге оралган кәмар,
Көздиң жасы Әмиў дәрьядай ағар,
Бийҳуўда қайғымыз—дозақ ушқыны,
Тыныш өмир сүрсек, жәннет сол шыгар.

*Әлийшер науайы*

## НӘСИЯТЛАРДАН

Егер арпа ексең болыў ушын тоқ
Оннан бийдай орыў мүмкинлиги жоқ.

Биреўге уў берип өлтирсе егер,
Өлтириўши бир ўақ зәҳәрин шегер.

Егер ҳақлық болса кисинин иси.
Мақтамай-ақ билер усыны киси.

Егер жақламаса көпшилик сени,
Өзиңнен көребер барлық бәлени.

Бағман бағын бәрҳа қарап бақпаса,
Нәли дәртке аспас, отқа жақпаса.

Бармақ пенен тикен шықпас денеден,
Ийне менен кутыларсаң бәледен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бергенинше алмақ истен бол жырақ,
Бермек ушын алмағаның жақсырақ.

Қул болған адамға бир табақ асқа,
Қазанның күйеси жағылсын басқа.

Басыңды пидә қыл ата қасында,
Денең курбан болсын ана басына.

Қапа болма кеңестеги тарыстан,
Кеңес бирақ оралмасын алыстан.

Бир қайғыдан жан көп азар тартпасын,
Жалғыз қайғың үш мәртебе артпасын.

Бөри қойды алқымласа ҳәр жайда
Шопанының мийнетинен не пайда?

Қуяш нуры бирдей дүнья елине,
Саҳра тикенине, бағдың гүлине.

Гәўҳар—дүрлер азар берер қулаққа,
Сөз қулақтың дүр—жәўҳары бирақта.

Ярда ўапа болса, нағыз ярым де,
Өмиринди тилесе ўападарым де.

Жалғыз ағаш жанса иши дүт болар,
Ярсыз адам иштен күйип от болар.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Сыпыра жайған адам сирә аш емес,
Биреўге тон берсе жалаңаш емес.

Бар илимди, биллим, бул азлық етер,
Ақмақлар күш пенен усгазлық етер.

Жаман менен болаберсең үлпетте,
Буннан жүз мың апат туўар әлбетте.

Мал—дүньяның болмас мийрим ўапасы.
Маған мийрим – ўапа дәўлеттиң басы.

Безеў менен үй ишиниң сәни жоқ,
Жананы болмаса ҳеш бир мәни жоқ

Жигитликте билим кәнин жыйнап ал,
Қартайғанда сол болады дүнья мал.

Адам услап, уў жыланды унтаса,
Бәле кетип, болар жолы дым таза.

Жақсы исиң аян болса халыққа,
Сол жақсылық жетер саған барып та.

Ким қасқырлық етсе, қулатып тасла,
Сол жердиң ийтине талатып тасла.

Биреўдиң билинсе жалған сөзлери,
Пәтиўаға аспас қалған сөзлери.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен биреўди алмақ болсаң хызметке,
Жақсы сына сақлық керек әлбетте.

Кимди билмек болсаң, гәплерин тыңла,
Ҳаслын көрмек болсаң, пейлинен аңла.

Кисәсинде пулдан жалгыз мысы жоқ,
Кисәпурдың оның менен иси жоқ.

Қыйынлықта көрген ўападарыңды,
Сол дейбер қоллаўшы пайғамбарыңды.

Айтыўына қарай көргенлигин бил.
Толқыўына қарай күйгенлигин бил.

Соқпағыңнан гезлессе бир қайғы тат,
Өтиў ушын тезден алга адым ат.

Ҳәдден асып кетсе ҳәзил ҳәм басқы,
Күлгениңнен гөри жылаған жақсы.

Миййўада мағыз ҳәм, пуш ҳәм болады,
Гейбиреўге дос та душпан болады.

Қәдирлимен деме мүлкиң асканға,
Пейлиңнен бийиклеп көр аспанға.

Ақылсызлық—шуғыллықтың батыры,
Дана болса уялтады ақылы.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Залым ашыу менен жаманлық еттиң,
Ҳәкисине шаўып, қутылып кеттим.

Наўайы да патша менен таныслы,
Бирақ гедей жүз мәртебе намыслы.

Бәлент ушқан қусқа мылтық жетпейди,
Мерген оған оғын ҳәлек етпейди.

Қус ушқанда минип пәтли қанатқа,
Пәстегини менсинбейди бирақ та.

Егер биреў елдиң ғамын жемесе,
Сен адамсаң соны адам демесең.

Гүбелекти ышқы оты мәс етпей,
Отқа өзин атар ма ол кесектей.

Егер мени етпек болсаң масқара,
Өзиме қарама, сөзиме қара.

Жупты алсаң, жақсылық қыл, ҳүрмет ет,
Әдеп-икрам үйретиўге хызмет ет.

Бәрҳа буйрық берип, өзи өтпейди,
Оның ақылы ҳеш жерге де жетпейди.

Ким бузса шийшени аяққа басып,
Пайдасы зәҳметтен кетпейди асып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Журегиңди урып соқса тил кесел,
Соннан қатты аўыртпайды зил кесел.

Ел жеркенген киси—адам жаманы.
Бахытсызлық оның көрер дәўраны.

Дәўлетиңе қарай биреў ийсе бас,
Ол болмайды я ағайын, я жолдас.

Жақсылықты ислеў—ақыл болады,
Миннет етип айтсаң батыл болады.

Рейимсиз жанды тири жан демең,
Оны сирә адамлыққа сан демең.

Кимниң залымлыққа кетсе ықласы,
Шаҳы Шәмшидликтен жарлылық жақсы.

Ким ор қазып жанның өлмегин күсер,
Мүмкин өзи соған сылқ етип түсер.

*Мақтумқулы*

## ТАСТЫ СЫНДЫРАР

Ығбалың оянып, дәўлет яр болса,
Таўға жамбас урсаң, тасты сындырар.
Талайың келиспей, бахтың сор болса,
Палаўдың ириги тисти сындырар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжелиңнен қорқып кирсең қорғанға,
Коркыўдан не пайда шығасы жанға,
Өмирдин ақыры келсе адамға,
Көкнәрдың сабаны басты сындырар.

Сөзине қулақ сал ақыллы жанның,
Акыры ҳеш жерге жетпес жалғанның,
Өмир жолы артар алғыс алғанның,
Ғарғыс күши өмир жасты сындырар.

Жаманның исине күйинер жаның,
Сөзи жанға ләззет ақылы данаының,
Басқа саўда түссе, қысқа табаның,—
Қайғы-дәрт салмағы—ҳушты сындырар.

Мақтумқулы, сәҳра гезген бул басым,
Бийҳуўда төкпедим көзимниң жасын.
Ақмақты сыйласаң төгилер асың,
Ҳақ журекти, бар ықласты сындырар.

## МАЛЫ БОЛМАСА

Ғош жигиттиң аты шықпас,
Дәўлети, малы болмаса,
Әндийшели ис питкермес,
Майданда дәли болмаса.

Болмаса жигит зүрияды,
Өлгенде аталмас аты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туғанбас сынаның оты,
Баста қыялы болмаса.

Алғыр куслар үйге шаппас,
Өнерсиз өз сыртын жаппас,
Мерекеде орнын таппас,
Ақыл кәмалы болмаса.

Конбақ таза жерде жақсы,
Ғалы төсек төрде жақсы,
Ол жигитлер гөрде жақсы,
Басы ғаўғалы болмаса.

Мақтумкулы болса баслы,
Уялмас аслы, қылышлы,
Дузы сор, душпаны күшли,—
Досты ўапалы болмаса.

## ТУРҒЫҢ КЕЛЕДИ

Гөззаллар бар гөззаллардан зыяда,
Оның хызметинде турғың келеди.
Әдепли-икрамлы мүләйимзада,
Таң өлгенше бирге жүргиң келеди.

Гөззал бардур узын бойлы алқымлы,
Қараңғы көшеге түсер жарқыны,
Сөйлеген сөзлери мыслы пал киби,
Қайда болса таўып алғың келеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гөззал бардур күнде-күнде көрмеге,
Сол гөззалдың зыя-зулпын өрмеге,
Төгип ғазийнениң бәрин бермеге,
Оның саўдасында болғын келеди.

Гейбир гөззал сирке басар шашларын,
Табағы кир, мейлиң алмас асларын,
Сыйламас үлкенин, қатар жасларын,
Оның хызметинен қашкың келеди.

Гөззаллар бар, ақ қағаздай билеги,
Белли оның сүттен таза жүреги,
Сондай гөззал болар мәрттиң кереги,
Не ҳәжет тилесе, бергиң келеди.

Мақтумқулы, сын керектур оларга,
„Уяда не көрсе, тартар озалға“
Дүнья малды сарп ет жақсы гөззалға,
Жаманның жанынан қашқың келеди.

*М. Ю. Лерментов*

## ТУТҚЫН

Тас түнектен жаным безди,
Бериң күндиз күннен жақты,
Көрейин қыз қара көзди,
Қара жаллы арғымақты.

Жас сулыўды бара қушсам,
Оннан кейин минип атқа,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ай далада желдей ушсам,
Зуўлап тулпар арғымақта.

Әттен, тюрьма—беккем дузақ,
Бәнт қоршаўдан шықпақ қыйын.
Қара көзим меннен узақ,
Алыс қалды жәннет үйим.

Жасыл шөпте шапқыр атым,
Ойнақлап жүр жалғыз шаўып,
Қуйрықларын таррашлатып,
Сап ҳаўада рәҳәт таўып.

Мен жалғызға бахыт қайда,
Әтирапым таўдай қорған,
Шам жалтырар гүңгирт жайда,
Өлимсиреп зордан-зордан.

Сақшы үнсиз жүрер әсте,
Жым-жырт ақшам түн шағында.
Тық-тық етер табан сести,
Тек қапының аржағында.

*Абдулла Тоқай*

**СЕН БОЛМАСАҢ**

Әй сулыў, мен жанбас едим, жандырыўшы болмасаң,
Тамбас еди көзимнен жас, тамдырыўшы болмасаң.
Бир минутта таслар едим бул, думанлы қайғыны,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен мени мискин қылып, муңландырыўшы
болмасаң.
Ашықлықтың теңизинде, жүрмес едим
мантығып,
Толқынына дүбелейдей мантықгырыўшы
болмасаң!
Жубанар едим демде, мен ай менен күнге
бақып,
Көркиң менен көмип, естен тандырыўшы
болмасаң.
Өзиңе тартсаң мени, басқаны тәрк етер
едим.
Робинзон Жумасындай жабайылыққа
салмасаң!
Кеўилден қуллық етер ем, тәңирге
дәрўиш киби,
Тәшўишлеп кеўилимди, азғырттырыўшы
болмасаң!
Жаныма қаст етип мен, өлмекти ойламас
едим,
Өзиме сен өзиңди душпанландырыўшы
болмасаң.
Ҳеш ўақта мәжнун, киби күлмес ҳәм
шадланбас едим.
Сен ағаш үстине атландырыўшы болмасаң.
Қосыққа уқсар еди, бираз бийҳуўда
сөзлерим,
Ҳәр кәлем тутқанда истен қалдырыўшы
болмасаң!

*1907-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОЛҒАЎ

Арғымақты жаман деп,
Бууданды қайдан табарсаң,
Агайинди жаман деп?
Туўғанды қайдан табарсаң?

Ақ сабанды жаман деп,
Шөпти қайдан табарсаң?
Аз дүньяны жаман деп,
Көпти қайдан табарсаң?
Жарма, чайды жаман деп,
Етти қайдан табарсаң?
Шайырларды жаман деп,
Гәпти қайдан табарсаң?

Агарған қарда көп жүрсен,
Көзиң бир күн карығар,
Ағайиннен шет жүрсең,
Кеўлиң бир күн тарығар.
Туўғанына батпаган,
Душпанына жалынар,
Ҳарамзада бузақы,
Патас иске малынар.
Кейингисин ойламай,
Кисиниң кеўли қалынар.
Жақынына жақпаған
Жат кисиге жагынар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ханды қудай урарда,
Халқына жаман қас болар,
Байды қудай урарда
Дәўлетине мәс болар.
Қысты қудай урарда,
Күн жылтылдап жаз болар,
Ерди қудай урарда
Елиуинде жас болар.

Жалпы жулдыз шағырайса,
Жарым шуғла айдай жоқ,
Тоғыз ылақ бириксе,
Баҳасы жалғыз тайдай жоқ.
Чайды қанша көп ишсең,
Бир кесим қазы майдай жоқ.
Өңкей бөздиң сапасы
Бир кийимлик шайдай жоқ[1].
Пышақ берсең қынлап бер,
Қынлап берсең, шынлап бер.
Берекесиз байлардан,
Пейил менен күн кетер,
Жумыс қылсаң мықлап қыл,
Болагөрме ҳийлекер.
Тәсил етип, бирди алсаң,
Қолыңыздан мың кетер.
Шешилисип сырлассаң,
Көкиректен муң кетер.

---

[1]. Шай—шайы деген мәнинде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәриңниң аўзың бир болса,
Душпаның қулап ыңқ етер.
Булты кетсе аспанның,
Күн ашылып жылт етер.
Әжелиң жетип күн питсе,
Қайран басың сылқ етер.

Ақ мылтықтың қундағын,
Билмесең гөзеп бурмағыл.
Ермен десең душпанға,
Еки көзди жумбағыл.
Өтип кеткен ис ушын,
Өкинип бала урмағыл.

Көбик жигит көп сөйлер,
Шешен жигит дөп сөйлер,
Билмеслерге жыйында,
Бир пикирге кеп сөйлер,
Жөн жүрмеген жигитлер
Көринген тепки жер.

Ким көринген кекетип,
„Усыники өтти“ дер.
Көз қарасың бузылса,
Мынаў әнтек кетти дер.
Сүт табақты жибитер,
Айран тамса иритер,
Пайдасы жоқ гәп айтсаң,
Маңыз сөзди шиgithub
Күле сөйлеп үйиңе,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күнде кирген қул ишер,
Еки дүлей қосылса,
Бир—бирине күлисер.
Жилли менен жанаспа,
Суў қуймағыл толмасқа,
Ақмақ болып кетерсең,
Ашыўланба болмасқа.
Үкит айтып шаршама,
Айтқан ақыл қонбасқа.
Жолдас болсаң қуў менен
Өмириң өтер даўменен.
Жықпағанша қашпағыл,
Бетлесип қалсаң жаўменен,
Суқланбағыл сулыўға,
Уят айтпа уллыға.

Тамаша айтсаң билмеске,
Тар жерде сақты сындырар,
Жаманлардың әдети—
Жалған сөзди шын қылар.
Көпти көрген адамлар,
Кеўилиңди тындырар.

Бийкаршыдан безе қаш,
Усақшылдан көше қаш.
Жаның менен ақыл айт,
Жақсы айтқанды билерге.
Қағыстырып қыйықты,
Қыйын жерге жиберме.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Билимсизди қорқытып,
Алдаў менен көнерме.

Айталмаған сөз ушын,
Аўзыңды бийкар ашпағыл.
Мақтағанға мәрт болып,
Аўқатыңды шашпағыл.
Қолдан келер ис болса,
Қорқып бийкар қашпағыл.
Бурынғы жаман исинди
Кейинги ўақта таслағыл.
Жолдас болма қорқаққа,
Ис қылдырма шорқаққа.
Сорап ишкен тамағың,
Суў ишкенменен барабар,
„Сук атанып аўылыңа,
Жалаңлама, балалар!

Көликли менен жарыспа,
Билимли менен алыспа,
Қеўил қалар гәп айтпа,
Аўырыў менен картаңға.
Жанын сатар гей адам,
Жалғыз калта таққанға.
Бузақы менен муңласпа,
Уятсызбенен ымласпа,
Болмас иске кийликпе,
Мөҳминлик жөни бир басқа...
Ақылсызға сөз айтып,
Ақмақ пенен сырласпа.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳаялыңды жек көрип,
Жаманлыкқа бас шатпа.
Ел тирилик қылғанда,
Есирип уйықлап бос жатпа.

Ис тапсырма жалқаўға,
Ақыл айтпа аңқаўға.

*Муса Жәлил*

## ЖЫРЛАРЫМ

Жырларым, сиз зытқын шығын жүректен,
Ел қырында гүллеп шешек аттыңыз.
Тасқын жигер, жалынлы от дөреткен,
Күшиңиздей көп жасаўға ҳақылысыз.

Сизге қостым көзде жаслы қайғымды,
Сиз өлсеңиз өшермен мен қатардан,
Сизге бердим барлық пикир—туйғымды,
Өлмесеңиз, мәңги бирге жасарман.

Жырларымда от жалыны лапылдап,
Қосықпенен еркелеттим дос жанды,
Ҳақыйқатлық жүрегимди мақуллап,
Жырымменен жеңдим талай душпанды.

Алдай алмас майда-шүйде пәс ләззет,
Турмыстың бир ала-ғула пердеси,
Жырымдағы шынлық, жалын, муҳаббат,—
Жасаўдағы өмиримниң сәўлеси.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен өлсем де туўры қалар жүрегим,
Қосығымда берген ҳадал антыма,
Бар жырымды елге бериў—тилегим,
Өмирди де бағышладым халқыма.

Жырлап өттим даңықлы саўаш айқасын,
Жырлап едим әўел бәҳәр—жазымды.
Соңғы жырым, қанхор жәллат балтасын,
Басқа силтеп урар гезде жазылды.

Жыр үйреткен еди еркин жасаўға,
Қыйды ҳәзир өлиўге де ер болып.
Өмирим муңлы қалған менен тусаўда,
Өлимим де жаңғырар елде жыр болып.

## ЖАС АНА

Өртенген аўылдың уша басында,
Жыландай таўланған оттың сәўлеси.
Көмир болған ағаш үйдиң қасында,
Сулық болып жатыр ана геўдеси.

Алты айлық бала шырлап жылайды,
Қушақлап ананың солғын көкирегин,
Өксип-өксип көзлерине қарайды,
Гейде тыңлап турар қойып еңиреўин.

Батыс жаққа жәллат қашты пуш болып,
Өлим менен зорлық еди жолдасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қуўып кетти кәраматлы күш болып,
Ана қаны, балалардың көз жасы.

* * *

Қоңсы қызы Сәрўар тыңлап қарады,
Сезгенликтен нәрестениң даўысын.
Келип бирден сам-саз болып қалады,
Жан түршикти көрип өлген таныcын.

Нәрестени ала сала қушаққа,
Жасын сүртти, беттен сүйип жубатты.
Алып келип тойындырып тамаққа,
Ойыншыққа алдастырып қуўантты.

Еркелетип баўырынан жай берип,
Қызға ана муҳаббаты келеди.
Бала жүрек анасына сай келип,
„Әппә“ дейди, қушақлайды, күледи.

Сәрўар еле тек онжети жасында,
Турмыс оған жаңа ғана басланды.
Күлим қағып нәрестениң қасында
Ана бахыт шадландырды жас жанды.

Көк нәлшедей бойы өсип баланың,
Ержетеди өтиў менен жыллары.
Терезеден тал шыбықтай ананың
Еситилер муңлы бесик жырлары.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тельман көтерилип трибунаға,
Маркс, Гейнелер де қайтсын елине!

Мәрт Тельманның жигитлери қайдасыз!
Араңызда ким бар Цеткин улынан?
Айтқан халқлық сөзди тыңлап қараңыз,
Аш түрмени, қутқар залым торынан!

## СЫРЛЫ ЖУМБАҚ

Уқсас нағыз ертек етип айтқанға,
Үлкен сырлы жумбақ болды соқпағым.
Узақ жүрип, ақырғы күн батқанда,
Шаршап талып усы журтқа тоқтадым.

Ертектеги дәўпериниң патшасы,
Күтип алды қарсы келип қасыма.
Белинде бар басты шапқыш балтасы,
Бүркит кийген бөрик етип басына.

Ертектеги темир қапы, есик кең,
Аша сала, сарт еттирип қамайды.
Қарап турып көз қадарлық тесиктен,
Мақтанады, қурбанларын санайды.

Сол дәў ушын ҳәр күни жүз ошақта,
Кәбап қызып турар адам етинен.
Қара бахыт айдап келип бул жаққа,
Узап кеттим туўған елдиң шетинен.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Әттеҳ ғана жан анамның ертеги,
Толық маған жеткермеген шынлықты.
Жазыў ушын тилим жетпей өртеди,
Бул журттағы зорлық пенен қуллықты.

Олай-булай адымыңды атласаң,
Дәл мойныңнан шарп етеди дузағы.
Өлим булты түнерип тур ҳәр қашан,
Жаздырмайды қуллықтың бул дозағы.

Дәстүр солай ақыллыны туўлатып,
Әзиз басын балта менен шабады.
От үстине атып атыр шуўлатып,
Қарт ананы, гүлдей бала-шағаны.

Дәўлер ушын гүл қырқылып жеринен,
Айра түскен еркинликтен, тамақтан.
Зорлық пенен қуўып келип елинен,
Алма бетли арыўларды талатқан.

Жүрек жылар көрген шақта ерк жетпей,
Қанлы жасты, солған таныс денени.
Гезлестирдим қорқынышлы ертектей,
Өңим емес, түсимдеги бәлени.

Гезек келер кетсем де мен өлимге,
Жанлы жырым орнын таўып турақлар.
Жайраң қағып тоқтап өткен жеримде,
Сақлап қояр гүллер менен дарақлар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ертеклердей сырлы жумбақ егилип.
Жырым калды себеленип жолымда.
Жыйнастырың жаткан болса төгилип,
Сонда қалды жүрегим де, жаным да.

*Степан Щипачев*

**УЛЫМА**

Маңлай шашы желпилдеген аппағым,
Қас каққандай өтер-кетер балалық.
Журип өтип балалықтың соқпағын,
Жигит болып шалқаярсаң таранып.

Алда талай тениз де бар, таў да бар,
Аман болсаң бәрине де жетерсен,
Жолында тур муҳаббатлы саўғалар,
Ай—жулдызлы ақшамлардан өтерсен.

Санаў менен таўсылар ма, питер ме
Колларыңнан дөретилген [illegible]
Айтып ҳеш ким [illegible] жетер ме
Оқыйтуғын китабыңның [illegible]

Тек те китап оқыў менен шекленбей
Билерсең сен нур жаханның кенлигин,
Канат байлап шарықларсаң егленбей,
Ҳәзиринше сезбесен де сен бүгин.

Жатыр анаў складта етиклер,
Елимиздин маркасы бар басылған

www.ziyouz.com kutubxonasi

Кийип ал да, елге хызмет етип көр,
Халқың ушын намыслы бол жасыңнан.

Өс-өркенле, жолың узақ сымбатлым
Ҳәмме нәрсе халықтың мүлки елиңде.
Намыс бирақ ҳәр нәрседен қымбатлы,
Бир белгиңди көрсем деймен сениң де.

*Пимен Панченко*

## САҒЫНЫШ

Өтпек қыйын дүт тоғайлы қайыңнан,
Қандай қызық, жалықтырмас ҳеш жери.
Алтын путақ, күн сәўлеси жайылған,
Жаңғырып тур қустың көркем сеслери.

Адым сайын қыял етип бараман,
Еске түссе, билдим жүрек жанарын.
Бул тоғайда ақ көйлекли жанажан,
Сайран етип еди жандай қумарың.

Анаў дарақ айтып берер жалынбай,
Ҳәзир мине сол жерлерге бармайман.
Бир ўақытта бәҳәрдиң көк таңындай,
Қушақ ашып, сүйдим сени маңлайдан.

Сүйдим беттен, қарап нәзик қолыңа,
Әрманым тек—мийрим қанбай хошластым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Дарақ маған айтып берди соңында,
Тәғдир айдап, қашық кетип ажырастым.

Мине, қыя соқпақ—жоллар аралас,
Бийик-бийик қарағайды геземен.
Бунда ҳәзир ҳешким мени сорамас,
Аўыр-аўыр сағынышты сеземен.

Тыныш күш бар қарағайлар қасында,
Сақланғандай сол сулыўдың жамалы,
Сүйиклимнен хат бергендей ҳаслында,
Ҳәрбир күнниң желпип ескен самалы.

*Вадим Шефнер*

## ШЫМБАЙЛЫ ШОФЕР

Белес-белес, ойлы-бийик дөңликтиң
Төбесинен қап-қара булт ағылды.
Тастай түнек қақпағындай сандықтың,
Сарт-сурт етип төбемизге жабылды.

Саҳра түни деген мине тап усы,
Бурын соңлы бундай түнди көриппем,
Қос жанардай фардың қойыў жақтысы,
Тас түнекти қара мумдай ериткен.

Таскын жигер ырық бермес бундайға,
Жалт—жулт етип машинаның свети.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыя шөлден сапар шегип Шымбайға,
Қуйынлаткан қарақалпақ жигити.

Сапарым оң, болсын деген нийетте,
Жақсылыққа бир ырымлы ис қылған,
Көзи тоймай ен сүйикли сүўретке,
Шит қасына қыямайлап қыстырған.

Кабинада жигит пенен қыз отыр,
Сәўле менен гүлдей дөнип түр-түси.
Кең саҳрада буны ертип баратыр,
Сүмбил шаштың мыйық тартқан күлкиси.

Үш тонналық, ескен желдей зуўылдап,
Алға сүзип ағылмақта тынымсыз.
Қосық айтар тамағынан ынылдап,
Жигит ойын түрткилейди сулыў қыз.

Айтсын қосық, өреси кең жол екен,
Ҳүким сүрмес бундай қара түнек те,
Ҳәтте қумлы саҳра да да мол екен.
Бахыт пенен зор қуўаныш жүрекке.

*Анна Ахматова*

## ШАЙЫРДЫҢ ҮЙИ

Патша бала ашыўланды,
Қорқынышлы, қәҳәрли,
Пәрман етти „Қыйратың" деп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўәсет деген шәҳәрди.
Ески ҳәким, дәўранында
Аралаған көп көрип,
Бул аўҳалды сезгендей ол,
Бәрҳа көзден өткерип.
Бәрин өрте, мешит, сарай,
Мунарлар да калмасын!...
Деп Искендер өжетленип,
Айтаберди жалғасын.
Сөйтти де ол былай деди
Бирден бурып қыялын:
Тек шайырдың үйин байка,
Тиймесин ҳеш зыяның.

*ЧОТ ЕНЧИНОВ*

## ҚАНЛЫ ОРАМАЛ

Бул ўақыя болған бурынырақта,
Еситилген қулақлардан қулаққа,
Болмасам да ол күнлердиң гуўасы,
Көргенлерден жазып алдым биракта.

Сорасаңыз, талай адам биледи,
Өлим-өмир айқас пенен жүр еди,
Қаракалпақ мәртлериниң гүреси,
Алтын тарийх дәптерине киреди.

Бәри мәлим, айтпасақта арғысын,
Ел атланып намыс ушын, ар ушын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тап усыннан қырк жети жыл илгери,
Көрди халық өлим-өмир тартысын.

Өмир турды жақты күнди қумартып,
Өлим турды еки көзин алартып.
Қасқырларға елди тутқын еткеннен
Болды мәртке өлип кеткен мың артық.

Елдиң солай пителмеди жарасы,
Шымбай менен Халқабадтың арасы,
Елге душпан мылтық атып, қылышлап,
Қанға толды Кегейлиниң жағасы.

Ақлар келип бекинисти аржаққа,
Қызыл мәртлер қарсы турды бержақта,
Душпанлардың шүйкилдескен оқлары
Жаңбыр болып жаўып турды жән-жаққа.

Жаў жыландай елди талап, шағажақ,
Еки тәреп болды үлкен тақа-тақ.
Ортадағы көпир ушын шайқасып,
Уйқы-туйқы саўаш қурды еки жақ.

Ел сүйсинди батырлардың күшине,
Алғыс айтты мәртлик еткен кисиге.
Қызлар менен келиншеклер аралас,
Саўаш қурған қызыллардың ишинде.

Душпан турды гейде күшин асырып,
Гейде қашты тым-тыракай басылып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағда деген қарақалпақ гөззалы,
Келген еди бесатарын асынып.

Жолдасларын зор саўашқа шақырған,
Кем болған жоқ даңқ көтерген батырдан.
Атқан оғы ҳешбир қәте кетпестен,
Әйдарҳадай душпанларды жапырған.

„Унта жаўды; ур душпанды, соқ!“—дейди.
„Гүрес қызбай бизге бахыт жоқ!“—дейди.
Қаҳарманлық саўаш қурып жүргенде,
Батыр қыздың денесине оқ тийди.

Қағып өтти, онша зәлел қылмады,
Шеп ийнинен қан ағылып зуўлады.
Басындағы орамалын алды да,
Денедеги қызыл қанға былғады.

Ол сезбестен қәўип пенен қәтерди,
Орамалды байрақ етип көтерди.
„Совет ушын, Ленин ушын!“—сүренлеп,
Урраласып көпирден де өтеди.

Ел ерлери айбат пенен бақырды,
Қанға қумар жаўды шөптей жапырды.
Жым-жырт болып қанхор қара жүреклер,—
Тутқын болды жаўдың күши ақырғы.

Ақлар солай келип еди гүркиреп,
Қызыллардан шықты сонша ер жүрек.
Сонда қанлы орамалы Бағданың
Турды қызыл байрақ болып желбиреп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

МАЗМУНЫ

## 1. Өрлетти өмир епкини

Ғам жуттым қаршадай басымнан . . . . . . . . . 5
Тарийх . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
Адамзат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Қуўаныш пенен уўайым . . . . . . . . . . . . 8
Не жетсин . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Алақан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 10
Сулыўлық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 13
Төртликлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Сегизликлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Сонетлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Бизиң уран . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Геўрек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34

## 2. Қут дарыған алтын аймақ.

Қарақалпақ ат қалды . . . . . . . . . . . . . 37
Толқында . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Қаратаў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Төрткүлим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Күш толқыны . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Кегейли . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Тахтакөпир . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Колхозда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51



www.ziyouz.com kutubxonasi

## 3. Пахта пәк ҳәттеки дәрья суўынан

Өзбек пахтасы . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Жигерленсең . . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Алтын толсын жер бетине . . . . . . . . . . . . 58
Бахыты ушын . . . . . . . . . . . . . . . . . 63

## 4. Дос меҳрибан ишинде

Дослық жаҳан сардары . . . . . . . . . . . . . 65
Ташкент . . . . . . . . . . . . . . . . . . 65
Алмаатаның аспанында . . . . . . . . . . . . . 68
Сәлем . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 71
Тәжик бирадарларға . . . . . . . . . . . . . . 74
Атлы қызлардың қутлықлаўы . . . . . . . . . . . 77
Хош хабар . . . . . . . . . . . . . . . . . 78
Хорезмли достыма . . . . . . . . . . . . . . . 81
Ашхабадта ушырасыў . . . . . . . . . . . . . . 85
Саз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 88
Дос меҳрибан ишинде . . . . . . . . . . . . . 89
Ушырасыў . . . . . . . . . . . . . . . . . . 91

## 5. Өмириңиздиң ҳәр зийнеси бир дәстан

Бүлбилим . . . . . . . . . . . . . . . . . . 98
Айымхан . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Ҳүрметли алым . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Саадат айым . . . . . . . . . . . . . . . . 105

## 6. Тәшимниң талабы

Шақырылмаған қонақ . . . . . . . . . . . . . . 108
Сәймәмбет . . . . . . . . . . . . . . . . . 111
Өсекшилер . . . . . . . . . . . . . . . . . 113
Гәплесиў . . . . . . . . . . . . . . . . . . 114
Наўқасы сондай . . . . . . . . . . . . . . . 115
Сондай болар деппедин . . . . . . . . . . . . 116



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көше батырына . . . . . . . . . . . . . . . . . . 117
Қыз сүйген жигит . . . . . . . . . . . . . . . . 119
Тәшимниң талабы . . . . . . . . . . . . . . . . . 121

## 7. Устазлық етер устазлар

*Омар Ҳайям*

Төртликлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 129

*Алайшер Наўайы*

Нәсиятлардан . . . . . . . . . . . . . . . . . 134

*Мақтумқулы*

Тасты сындырар . . . . . . . . . . . . . . . 139
Малы болмаса . . . . . . . . . . . . . . . . . 140
Тургың келеди . . . . . . . . . . . . . . . . . 141

*М. Лермонтов*

Тутқын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 142

*Абдулла Тоқай*

Сен болмасаң . . . . . . . . . . . . . . . . . 143

*Тоқтағул*

Толғаў . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 145

*Муса Жәлил*

Жырларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 150
Жас ана . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 151
Алман елинде . . . . . . . . . . . . . . . . . 153
Сырлы жумбак . . . . . . . . . . . . . . . . . 155



www.ziyouz.com kutubxonasi

*Степан Щипачев*

Улыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 157

*Пимен Панченко*

Сағыныш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 158

*Вадим Шефнер*

Шымбайлы шофер . . . . . . . . . . . . . . . . 159

*Анна Ахтатова.*

Шайырдың үйи . . . . . . . . . . . . . . . . . 160

*Чот Енчинов.*

Қанлы орамал . . . . . . . . . . . . . . . . . 161

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

***Тилеуберген Жумамуратов***

**НА ВОЛНЕ**

Сборник стихов

*Издательство „Каракалпакия"*

*Нукус—1970*

Редактор *Б. Кайыпназаров*
Художник *Қ Нажимов*
Худ. редактор *Қ Берд мурратов*
Тех редактор *А Турдымуратов*
Корркетор *Г.* Т*урымова*

---

Териўге берилген ўақты 20/XI-1969 ж.
Басыўға рухсат етилген ўақты 19/XII-1969 ж.
Қағаз форматы 60Х90/32 Көлеми 5,25
баспа табақ 5,30 есап баспа табақ. РК 33803
Тиражы 3000. Баҳасы 65 т.

„Қарақалпақстан" баспасы.
Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

---

ҚҚАССР Министрлер Советиниң
Баспа сөз бойынша басқармасының
„Правданың" 50 жыллығы атындағы
Нөкис полиграфкомбинаты. Заказ № 209

www.ziyouz.com kutubxonasi